Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

DINAS KEBUDAYAAN
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

NOMER: 32/IV-2018

Wanodya, Saka Guru Pangrembakane Budaya



jogja istimewa

ULUK SALAM

Wanodyatama ing Seni Budaya



Salam Budaya,

ANA ing unen-unen, kang wus kalumrah kawedhar, saben ana priyayi kakung kang mejila mesthi ana wanodya kang jumurung. Kosok balene, yen ana wanodya kang monjo, mesthi kajurung dening kakung. Ing babagan seni lan budaya, akeh wanodya kang ora mligi dadi "primadhona panggung" ngayahi paraga seni, nanging uga padha madeg dadi pengarep, pangarsa, dadi guru kang paring wulang seni-budaya, malah dadi parampara kang bisa dadi lantaran pangesuhing para kadang seniman. Wiwit jaman kawuri, wanodya tansah gawe pratandha tumrap pangrembakane seni lan budaya.

Kalawarti SEMPULUR edhisi 4 taun 2018 nyoba caos atur babagan kridhaning para wanodya kang ambyuk nyawiji nawung kridha ing seni-budaya lan adat tradhisi. Mesthi wae para maos padha tansah nunggu babaring kalawarti basa Jawa SEMPULUR, amarga tansah mersudi amrih basa Jawa tansah bisa dipigunakake ing kalawarti cithak utawa koran majalah. SEMPULUR pancen kaangkah bisa caos leladi marang para maos. Anggone caos leladi wacan uga sinartan sedya, supaya SEMPULUR bisa dadi sarana nyathet, dimen kawujud dadi arsip lan dhokumentasi kridha patembayatane para paraga seni lan masarakat ing DIY. Kalebu olah kridhane para wanodya ing babagan seni lan budaya kang dadi perangan wigati tumrap kupiya pangrembakane basa, susastra, seni-budaya, lan adat tradhisi.

Kareben jangkep, SEMPULUR uga ora mligi caos atur tematik ing rubrik "Tintingan" kang kagatra minangka *laporan utama* nanging uga tansah kabiwara bab kawruh Jawa, susastra Jawa wujud geguritan, cerkak, dongeng, macapat, lan tetirah. Ora nate kendhat uga kaaturake palaporan bab kridhane para paraga budaya ing DIY. Muga-muga, SEMPULUR tansah migunani tumrap masarakat. Sumangga.

BUDI WIBOWO, S.H. M.M.

Pemimpin Umum/Penanggung Jawab

RINGKES



Wateging wanodya kang bisa manjing dharah jiwaning ibu. Ing jaman kawuri wis cinathet kanthi pratitis, anggone para wanodya Jawa gawe tuladha luhur | 4



Pancen ora bisa dipungkiri, jaman saiki akeh wong ngakoni kiprahe wong wadon pada karo umume wong lanang. | 20



Gelaran MAF diajab bisa ngangkat potensi pariwisata Kulonprogo saengga ing tembe bisa ningkatake perekonomian masarakat | 31



'Catur Hapsoro Dewoto Tunggal' minangka tandha yen para ziarah wis tekan Dhusun Senuko. Dalan utama tumuju papan wisata religi K.H.R. Bagus Khasantuka. | 44

KETERANGAN GAMBAR SAMPUL NGAREP



Gelar Seni Maestro Nyi Tjondrolukito ing TBY. Katon wewayange Sindhen Nyi Tukilah, siswane Nyi Tjondrolukito (1921-1997), nalika caos pisungsung sindhenan cengkok Tjodrolukitan, 26/9, kang kairing Karawitan Bermara Laras. Pancen sindhenan cengkok Tjodrolukitan kapireng beda kalawan cengkok kang kalumrah. Ing pagelaran iki Nyi Tukilah kasandhing sidhen cacah loro kang duwe cengkok asli Mataraman. Cengkok sindhenan Nyi Tjodrolukito pancen diremeni dening para pamiarsa tumekan saiki. **(foto-ifid)**"

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta
mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

PEMIMPIN UMUM/PENANGGUNG JAWAB ■ **Budi Wibowo, S.H., M.M.**| PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Erlina Hidayati, S.IP., MM.** | WAKIL PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Drs. Suraya** | REDHAKTUR ■ **Drs. Dhanu Priyo Prabowo. M. Hum.** ■ **Purwadmadi** ■ **Joko Budhiarto** | EDHITOR ■ **Sumarno** ■ **Ardini Pangastuti** ■ **A.Y. Suharyono** | SEKRETARIAT ■ **Drihardono, S. Sos.** ■ **Reksoprojo** ■ **Trisno Sujadi** | LAYOUTER ■ **Darmawan** ■ **Makarim** ■ **Akhriyadi** | JURU FOTO ■ **Ifit Khusnul** ■ **Lathif Cahyono.**

ISSN 2085-2673

ALAMAT REDHAKSI ■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POS-EL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

BRUNJUNG

Jejering Ibu

IBU. Tembung cekak nanging ngemu pitutur luhur. Amarga saka gedhene anggone pradhah lan luhure bebudene, mula jejere ibu banjur nuwuhake greged marang manungsa lan kabudayane duwe kalenggahan sing mirunggan. Ibu dadi lambange kasuburan lan katentreman. Mula ing kagunan apa bae, ibu dadi sumbering inspirasi.

Ibu ora amung duwe jejibahan nggulawenthah putra, nanging kala-kala ibu nggenteni apa sing dadi tanggung jawabe wong lanang. Awit saka iku saiki jeneng ora aneh menawa ing sauntara bab ibu/wanita nindakake pakaryan kaya sing ditindakake dening para bapak/priya. Ing guritan "Gurit Kanggo Ibu", anggitane Rohadi Ienarto, sing kapacak ing antologi *Sesotya Prabangkara* (2014) ibu digambarake mangkene: Mbokmenawa/ ngalah dhuwur wekasané/wus ora trep mungguh sliramu, ibu/ jantrané jaman iki wis adoh banget/ lumaku, ninggalaké piwulang simbah-simbah/ mbokmenawa/ saiki wis tekan jamané/ ngalah yèn wus bisa menangké/ ngalah yèn wus bisa kewagang/ ngendhih jurit/ ing madyaning pabaratan/ apa ya kita tetep puguh ngugemi/ yèn ta Dèwi Kunthi kaé/ téga karo patiné Si Suryatmaja, putrané/ ora ibu/ kita kudu wani dadi Srikandhi/ apadéné Kartini/ wani menthang gendéwa/ nglepasaké landhepé pucuk warastra/ nagih janjiné sang maha resi Bisma/ mbedhah bèntènging taman pingitan//

Ibu ora amung ngenut bae kalayan mitos sing wus diganantha. Aja nganti amung narima ing pandum kaya dene Dewi Kunthi sing narimakake pralayane putrane tanpa bisa kupiya. Nanging, ibu kudu bisa kaya Dewi Srikandhi utawa Kartini sing bisa mirsani mobah-mosike kahanan kanthi manah sing bigar lan bawera. Wus samesthine, ibu iku minangkani pribadi sing kuwat, pribadi sing bisa ngukir marang wewatakene putra utawa bisa ndunungake pengarep-arepe kluwarga. Sanajan sinartan laku sing abot, ibu melu ndunungake jantrane generasi ing tembe mburine. Rawuhe ibu ing madyaning kluwarga sajatine mahanani jagad saya padhang.

Katon menawa ibu minangka pribadi suka pitutur kebak rasa alus bisa ngelingake marang awak dhewe kabeh, jalaran ibu tansah paring wanti-wanti marang para putrane supaya anggone mecaki jantrane "pabarataning urip" aja nganti kesandhung kebentus. Ibu iku tansah suka pemut marang para putrane supaya aja nganti dhumawah ing kapitunan. Mula ora jeneng banjur golek-golek, yen ibu iku dadi sumbering manungsa nalika lagi keblithuk ing pepeteng.

Jejere ibu ora mung minangka papaning sesambat, nanging uga dadi papaning katentreman sing satengahing kluwarga. Ibu dadi papane nglari saka rasa wedi lan rasa susah. Jejer kalenggahane ibu iku minangka pribadi sing tansah nyawiji karo karo madyaning uripe manungsa sarta alam sawegung, mula banjur ana unen-unen "ibu pertiwi", dudu "bapa pertiwi".

Ibu pertiwi punika ndunungake marang awake dhewe kabeh yen ibu iku minangka dhasar tumangkare sawernane alam saisine ing jagad raya. Ibu sing mulasara saka cilik tumekane diwasa samubarang sing gumelar bumi. Kanthi daya lan kupiyane sing tanpa winates, ibu ora tau sambat nampa jejibahan sing kaparingake dening Gusti Allah sajrone nggula wenthah peparinge Hyang Widhi. Pralambang kasebut nuduhake, kejaba bapa, ibu dadi punjering urip. Ing sasi Desember, presise ing tanggal 22, ibu diriyayake. Ing kalodhangan iki, pangembaning *Sempulur* ngaturake "Sugeng Dina Ibu".

*****

LATAR

Wanodya Gumregah

NGANTI tumekan saiki, unen-unen "wong wadon kanca wingking" isih durung ilang daya pangaribawane. Sanajan wis padha jumurung ing pikir, yen wanodya iku padha derajade kalawan kakung, nanging naluri gawe tanggap laku beda tumrap para kadang putri, isih asring kadulu. Kamangka, wis kabukten yen wanodya akeh kang bisa gawe kuncarane bangsa lan nagara.

Ana ing babagan seni lan budaya, akeh wanodya kang ora mung jumeneng dari sri panggung, nanging akeh kang padha nggegulang marang tata rakiting agendha budaya, padha pratitis menggalihane anggone rakit wawasan, panemu, lan cara murih ngrembakane seni budaya, uga akeh kang wasis dadi suh pangrengkuhe para paraga seni budaya. Mula bisa ingaran, wanodya iku bisa jumeneng dadi saka guru pangrembakane seni lan budaya.

Para wanodya kang gumregah tumandang melu macak adining seni budaya ora mung tinemu ing lakon lan carita. Nanging laku kang sanyata. Satemene ora mung dumadi ing jaman saiki. Wiwit jaman makuna-kuna, wanodya ing Tanah Jawa wis duwe daya pangaribawa kang gedhe tumrap mekaring budaya. Putri Shima, Pramudhawardani, Tri Buwana Tungga Dewi, Nyai Menggung Adisara, Putri Pembayun, Nyai Ageng Serang, nganti tumekan RA Kartini lan sapanunggalane, duwe weca lan trekah ing kabudayan. Semono uga para wanodya ing jaman kamardikan akeh kang ambyuk ing babagan seni budaya. Saben jaman, mesthi tuwuh gumregahe para wanodya kang limpat ing kridha budaya, nganti padha bisa gawe owah gingsire mutu karya seni budaya kang karipta.

Wanita dudu kembang panggung, nanging temen anggone yasa karya lan lampah nawung kridha. Dudu isen-isen utawa mung kanggo genep-genep, nanging pancen mujudi lan paring isi ing prastawa kabudayaan amarga wanodya katon luwih sabar, rigen, taliti, ngati-ati, lan pinter ngemong liyan. Tansah bisa tuwuh jiwaning ibu. Mula, asta raga lan penggalihe wanodya banget tumanjane tumrap kupiya pengrembakane seni budaya ing masarakat. Nitik kahanan kang kaya mangkono iku, mula perlu tansah diambali anggone padha caos penget, yen gawe kupiya memangun kabudayaan ora kena ninggal rasa batin, olah pikir, lan tumandange kaum wanodya.

SEMPULUR, nyoba caos atur sapala bab kridhaning para wanodya anggone padha grengseng memangun monjo lan ungguling kabudayan. Muga-muga gawe sandi guna tumrap seni budaya. **(jkb)**

Pawestri, Lumembak Jiwaning Ibu Pikuwat Sumrambah Dayaning Budaya



Patunng Nyi Tjondrolukito (foto-fid)



Nyi Kadariyah (foto-fid)

MANGGA sami pun pirsani panggung kethoprak. Nyai Menggung Adisara, pawestri kang kagungan kalenggahan bupati sepuh, ing jaman Mataram Senapaten, tuhu wanodya kang limpat ing jurit, wasis ing laku samudana, lan pinter damel rerimuk alus ing mengsah. Kacarita, Nyai Menggung menika garwa dalem Panembahan Senapati. Woten ini Bedhaya Angron Sekar (yasan Dalem HB IX), kacariosaken bilih ingkang sewau Angron Sekar menika badhe labuh pati pejahipun Arya Penangsang kanthi ngransang kasugenganipun Kangjeng Panembahan, nanging malah kasengsem lan suyut dhumateng Panembahan Senapati, lanjeng kaboyong ing Mataram kasengkakaken ngaluhur dados garwa lan dipun paringi kalenggah lan asma Tumenggung Adisara.

Nyai Menggung Adisara, pinitados mengku njampangi lampahe Putri Pembayun anggenipun damel rimuk Ki Ageng Mangir Wanabaya. Ugi, manjing prajurit sandi, malebet kedhaton Kadipaten Madiun, ngrimuk penggalihe Adipati Rangga Jumena supados manungkul dhumateng Mataram. Lampah laku Nyai Menggung Adisara, estu saget damel owah gingsiring kawotenan, kepara saged nuwuhaken garising sujarah, kuwasaning kalenggahan panguwaos Mataram Kuthagedhe. Tegesipun, pawestri menika inggih ageng labuh lan sumbangsihipun tumrap kemajenganing jaman. Mila, wanodya punika perangan ingkang wigatos tumrap kupiyaning masarakat anggenipun sami manggulawenthah lan damel ngrembakanipun kabudayan.

Wateg Jiwaning Ibu

Wateging wanodya kang bisa manjing dharah jiwaning ibu. Ing jaman kawuri wis cinathet kanthi pratitis, anggone para wanodya Jawa gawe tuladha luhur. Putri Shima, sang rinaja putri kang ambeg para marta, Tribuwana Tungga Dewi, sang rinaja putri kang tatag tangguh adu arep kalawan mungsuh kang padha ngrabasa nagara, Kanjeng Ratu Ageng kang kukuh



Bintang kethoprak Marsidah (foto-fid)



Yuningsih "Yu Beruh" (foto-fid)

bakuh ndombani wayah buyute, Pangeran Diponegoro wani mangsah jurit gawe jejeging adil, Raden Ajeng Kartini kang lantip ing panggraita, landhep ing pamikir, kagungan penggalih supaya derajating wanita jajar padha kalawan derajade kaum priya. Jaman saiki wis akeh wanodya kang kagungan kalenggahan lan kapinteran linangkung.

Ing babagan seni lan budaya, mligine seni-budaya tradhisi, budaya rakyat, lan uga budaya kraton, akeh para wanodya kang kiprah lan duwe daya pangaribawa gedhe. Nyi Tjondrolukito, temene ora winates gawe riptan cengkok lagon sindhenan, amarga kang karipta Nyi Tjondrolukito uga wujud nyata kedah-kedahe anggone kagungan riptan pribadi kang beda kalawan paugeran olah kridhaning sindhenan. Sapa ngerti, tata paugeran sindhenan nalika iku dikukuhi kuwasaning kakung? Ibu Srimulat, miyos Pak Teguh garwane, yasa cengkok dhagelan panggung kang seje lan luwih cocok karo selera penonton. Bu Yuningsih (mBokdhe Beruk) uga nate ngasta pangarsaning kethoprak tobong. Bu Suci kang kagungan Kethoprak Wahyu Budoyo, uga salah sawijing conto, wanita kuwagang dadi pangarsaning laku lan kiprah seni-budaya. Swargi Nyi Kadariyah, Nyi Sugiyem, Nyi Rukinah, Nyi Suparmi (Prenjak), Ny Surip, lan isih akeh liyane ing Yogyakarta ini kang ora mung dadi bintang kethoprak, nanging uga duwe ugem lan sanggem anggone padha leluri ing seni budaya. Tumekan saiki, bintang kethoprak Marsidah, Yati Pesek, Yuningsih, lan liya-liyane sanajan wis padha sepuh tetep mersudi seni panggung. Bu Sri Wuryanti, uga ora kendhat nggulawenthah Tari Angguk. Prof. Dr. M Hermien Kusmayati, intelektual tari, uga tansah mituhu lan temen anggone mersudi tari-tari tradhisi Pura Pakualaman. Dr. Th. Suharti, akadhemisi tari, uga mugen anggone caos kawigaten tumrap tari-tari tradhisi Kraton Ngyayogyakarta. Para ibu iku bisa dadi tuladha marang para kaum pawestri jaman saiki, seni budaya rakyat iku kudu dirungkepi, dirangkul, dipangku, lan dipersudi. **(pdm)**



Nyi Tjondrolukito, Sindhen Tuladha Kondhang Arum ing Swara lan Asma

UNGELING gangsa dening pakempalan karawitan "*Bermara Laras*" (Ki Siswadi, sakanca) kapireng resep, ngremet , lan ngrampet kawigaten kang miarsi. Titis, tetes, tumus kang amersudi laras lan gawe rumpaka gendhing, adeging pradangga kang wus buntas ing kawruh gendhing, lan baut ing rasa gendhing. Kang sami nembe ngrawit ing Pahargyan Maestro Sindhen Nyi Tjondrolukito, mapan ing Concert Hall Taman Budaya wengi iku (26/10), para pradangga kang prasasat tetuwa tetungguling pradangga ing DIY. Ana kang saben dinane ngasta karawitan ing ISI Yogyakarta, abdi dalem Kawedanan Hageng Kridha Mardawa Kraton Yogyakarta, abdi dalem Langen Praja Pura Pakualaman, anggota Kaluwarga Kesenian RRI Ngayogyakarta, pengrawit grup-grup kesenian klasik ing Ngayogyakarta, lan pradangga mumpuni kang ora dadi anggota grup ngendi bae. Mula ora mokal menawa racik lan rakit gendhing kang kapiarsa kepireng nyampleng.

Nyamleng gendhinge, mungguh lan murwat sindhenane. Sindhenan cengkok Nyi Tjondrolukito. "Cengkok Condrolukitan" kang kaaturake dening Nyi Tukilah, saka Girisubo Gunungkidul, kang nate nyecep ngelmu sindhen marang Nyi Tjodrolukito ing Jakarta. Nyi Tukilah salah sawijining sindhen kang bisa memper ngaturake sindhenan cengkok Condrolukitan. "*Jineman Uler Kambang*" lan "*Perkutut Manggung*" kang dadi petingane swargi, kaset rekamane laris manis, wengi iku ngumandhang kairing karawitan kang tuhu jumurung ing rasa. Gelar gendhing lan sindhenan Condrolukitan wengi iku ora mung dadi klangenan nanging uga yasa pratandha caos pakurmatan marang "Sang Maestro Sindhen Nyi Tjondrolukito" swargi

Cengkok sindhenan kang gawe sengseme wong akeh, dadi karemenane para sumitra lan sutresna karawitan. Pandhemen sindhenane Nyi Tjondrolukito akeh lan sumebar ing ngendi-endi papan. Sanajan, nalika cengkok sindhenane kabiwara ngumandhang, akeh para ahli kang ora kasdu ing galih amarga dianggep nyimpang saka paugeran sindhenan cengkok Ngayogyakarta lan Surakarta. Kang kaanggep nyimang iku bab paugeran wirama tembung ing tembang kang laras kalawan titi swara thinthingan laras gamelan. Nyi Tjondrolukito ngaturake cengkok swara sinden kang beda kalawan sindhenan kang kalumrah, amarga Nyi Tjondrolukito yasa cengkok swara lan cara penembange kang seje nanging tetep kepireng luwih trep, manis, arum, bening lan mulih ceples ing titi laras gangsa. "Nyeje" ning tetep titis wirama.

Nyi Tjondrolukito, 1921-1997, pesindhen asli Pogung, Sinduadi, Mlati, Sleman. Wiwit cilik wis ngabdi lan sinau nyindhen ing Kepatihan Danurejan. Swara emase wis bisa katitik dening para winasis, mula Turah, asma cilik, banjur kapundhut dadi abdi dalem sindhen Kraton Ngayogyakarta. Turah banjur kaparingan asma Padasih, tumuli asma Penilaras. Kapundhut garwa priyayi Kraton, Ki Tjodrolukito banjur nerusake gegulang lang ngrenggani sindhen ing Kesenian Jawa RRI Jakarta. Garwane, Ki Tjondrolukito pancen pengrawit lan pambeksa, dadi pangarsane kesenian Jawa ing RRI Jakarta. Mula ing Jakarta, saliyane giyaran ajeg Uyon-uyon Karawitan



Pahargaan Maestro Sindhen Nyi Tjondrolukito, mapan ing Concert Hall Taman Budaya. (foto-fid)

Jawa lan Wayang Kulit Purwa, Ki Tjondro uga mersudi pamulangan beksa. Sindhenan cengkok Nyi Tjodrolukito banjur saya kondhang amarga giyaran radhio lan sumebaring piringan hitam lan kaset rekaman.

Sindhenan cengkok Nyi Tjondrolukito satemene unggul ora winates amarga cengkok lagone, werna lan gaya swarane, lirik-lirik tembung kang kebak wulang budi luhur, nanging kang baku malah amarga sentosaning manah lan tekade Nyi Tjondrolukito yasa pangolahing seni sindhenan kang ora padha karo paugeran baku. Tegese, Nyi Tjodrolukito duwe rasa bakuh marang apa kang den antepi. Kaya agenge tekad Nyi Tjodrolukito anggone rumeksa marang jatidhirining sindhen kang kudu tansah luhur ing budi, kalis saka sakabehing penggawe ala. Sindhen kang wenang gawe weninge rasa ayem tentrem asih mring sepadha-padha nebih saking sedaya panggiri godha. **(pdm)**



Banowati, Manahing Wanodya Panyandrane Sanggit Dhalang



Pergelaran Wayang Eksperimen "Kasetaning Wanodya" kang diadani dening Taman Budaya Yogyakarta. (foto-fid)

DEWI Banowati, dening para dhalang kacandra pepak. Ing pakeliran, putri Prabu Salya Negari Mandaraka iku pancen kondhang gandhes luwes, ayu rupane mbranyak polatane, tregel semanak pangandikane. Nanging, dening dhalang remaja Fani Rikyansyah, kang kajampangi dening Ki Edi Suwondo lan Ki Udreka, (14/8) gawe sanggit caritane Dewi Banowati kang kajodhi kasetyane ing antarane Prabu Duryudana, Raden Arjuna, lan Raden Dursasana.

Pergelaran Wayang Eksperimen "Kasetaning Wanodya" kang diadani dening Taman Budaya Yogyakarta iku bisa dadi pratandha cara-carane sanggit dhalang kang padha anggelar anggulung panemu babagan katuranggan lan watak wantuning wanodya. Pranyata, Dewi Banowati bisa dadi pancatan anggone paring wedharan, yen donyaning wadon iku perkara kang rumit, dudu perkara kang sepele lan bisa digampangake.

Lampah laku uripe Banowati bareng karo gumelaring kahanan, anggone nata ati, rumeksa batin, lan mrenahake kalenggahane minangka rinaja putri ing Manadaraka, kang jumeneng ratu prameswari nagaragung Ngastina, garwane Ratu Agung Binathara, Prabu Suyudana. Wanodya tama kang kudu tansah jejeg lan kukuh anggone ngregem adeg, tankena luntur ing panggiri godha, lan kerut ing laku samun samudana. Uga kudu kena dadi tepa palupi tumrap para wanodya tama liyane.

Jumeneng dadi Dewi Banowati kang kudu ngreksa widadane kalenggahan prameswari, lestarine kedhaton negari, lan aruming laku tindak, laku tutur, lan beninging pamikir dudu pagaweyan kang gampang. Suci kasetyane Dewi Banowati marang guru laki, marang garwane tansah kajaga dimen ora kasempyok penggawe ala, kebak ing panyakrabawa tumindak nistha. Nanging, bareng karo lampah rerumat tumindak becik, ora kena kanthi cara sumingkir saka pasrawungan lan kudu tetep asih mring sapadha-padha.

Fani Rickyansyah bisa nelakake yen kasetyaning wanodya iku tansah kapurba ing kahanan, nanging wanodya ora kena kalah utawa pasrah marang kahanan. Dewi Banowati kang kaprah antuk panyandra rada ora becik amarga dicubriyani duwe sambung wadi kalawan Raden Arjuna, bisa kawedharake kanthi gamblang kasunyatan rasa batin kang tumanduk ing manahe Banowati. Pancen, kasetyane wanodya iku perkara kang rumpil, ora kena digawe gampang.

Wujud eksperimen ing lakon wayang Dewi Banowati iku bisa dadi conto anggone dhalang merdi marang pangumbare sanggit. Sanggit kang tanwinates, adhedasar pawadan nalar kang cetha gumathok. Saliyane, "Wayang Eksperimen" nalika iku uga bisa caos pilihan cara anggone para dhalang gawe cak-cakan garap pakeliran. Sanggit carita kang karamu kalawan sanggit sabet, sanggit joged, sanggit greged saut lan wewayange wayang, sarta sangit pangiringe gangsa. Sanajan garap kang kaya mangkono iku wis asring tinempuh para dhalang, nanging sanggit dhalang bab rasa batin, jatidhiri, watak wantune wadodya ing lakon-lakon wayang sansaya tambah berbabak ngrembaka, kebak panyandra kang bisa kapilih kapiji. Tegese, wayang saya jembar teba kreasine lan daya pangaribawane. **(pdm)**

Sri Wulandari Mangunsarkoro: Wanita iku "Ibu Bangsa"

"Sebagai perempoean, masihlah mempoenjai chodrat lagi jang berlainan dengan chodrat anak lelaki, sehingga tabi'at-tabi'atnja dan hidoep kebatinannja anak perempoean ada berbeda dengan anak lelaki. Anak perempoean akan ditakdirkan mendjadi iboe, akan memiara dan mendidik anaknja. Disitoelah tempat pokoknja kehaloesan kaoem perempoean. Maka dari itoe, orang perempoean jang kasar tabi'atnja tidak patoet mendjadi iboe."

NJ. SRI MANGUNSARKORO,
"Pendidikan Anak Perempuan",
ing Majalah Poesara No. 1-2, Taun 1931.



(foto-repro)

SRI Wulandari utawa kawentar kanthi asma Sri Mangunsarkoro, yaiku sawijining wanita kang greget mbiwarakake hak-hak wanita. Sri Wulandari Mangunsarkoro yaiku garwane Ki Mangunsarkoro, yaiku tokoh pejuang pendhidhikan kang uga nate dadi *Menteri Pendidikan, Pengajaran, dan Kebudayaan* ing watara taun 1949-1950. Asma Mangunsarkoro kapethik saka nama ramane. Amerga iku, Sri Wulandari sabanjure asring diceluk kanthi nama Sri Mangunsarkoro amerga palakrama karo Ki Mangunsarkoro.

Sri Wulandari lair ing Madiun, 16 Mei 1905, putra sepisanan saka S. Wirjodidjojo lan Amiyati. Lair ing lingkungan kulawarga kangs arwa kecukupan, paring panjurung Sri Wulandari kanggo ngudi ilmu ing pawiyatan. Ing wektu iku, sekolah kanggone bocah wadon kalebu bab kang istimewa, ora saben bocah duwe kesempatan bisa sekolah. Sri Wulandari sawijining bocah wadon kang bisa sekolah lan kasil namatake sekolahe ing Sekolah Guru.

Sri Wulandari kenal Ki Mangunsarkoro sadurunge lumebu ing Tamansiswa, yaiku nalika dheweke isih olah organisasi ing Jong Java. Ora beda karo priya kang sabanjure dadi bojone minangka panggilut ing jagading pendhididikan, Sri Wulandari milih jalur organisasi wanita kang tansah ngupiya supaya wanita ing wektu iku bisa mundhak sejahterane, yaiku kanthi pendhidhikan.

Sri Wulandari miwiti karir organisasi saka Jong Java nalika isih sekolah. Dheweke sabanjure gabung Tamansiswa ing Tegal taun 1924 minangka guru. Sri Wulandari dadi sawijining kadher kang onjo kang bisa mbantu ngrembakaning Tamansiswa.

Minangka paraga kang ngedegake lan pangarsaning Wanita Tamansiswa cabang Jakarta, dheweke kawentar minangka tokoh pergerakan lan wanita nasionalis sayekti.

Pribadi kang gandrung nyawijining bangsa lan mardikaning negara. Sri Wulandari kepengin ngrasakake mardika kang sayektine lan bebas saka penjajahan. Kamardikan kang sayekti minangka wajib kang utama miturut Sri Wulandari.

Saliyane minangka Wanita Tamansiswa, Sri Wulandari nduwe andhil kang tataran pergerakan nasional, yaiku thegkliwere

ing kongres Perempuan Indonesia. Taun 1929 dheweke aktif dadi pengurus PPII (Perikatan Perkumpulan Isteri Indonesia) lan dadi ketua Kongres Perempuan Indonesia II ing Jakarta taun 1935.

Kongres Perempuan Indonesia II kang dipandegani dening Sri Mangunsarkoro ngasilake putusan kanggo madegake Badan Penyelidik Perburuhan Perempuan kang duwe fungsi kanggo neliti pegaweyan kang dilakokake dening wanita Indonesia, brantas wuta huruf, ngraketake sambung sambet karo perkumpulan wiranem mligine organisasi putri, nandur rasa pangraos bab bangsa, pegaweyan sosial, lan netral ing agama, putri Indonesia duwe wajib ngupiya supaya saben generasi sadhar kebangsaan lan kaya ngapa tegese dadi "Ibu Bangsa".

Konsep 'Ibu Bangsa' minangka kupiya majuning pergerakan perempuan Indonesia, kaucap dening Sri Mangunsarkoro Kongres Perempuan Indonesia ka-2.

"Kewajiban perempuan Indonesia jang terutama adalah menjadi Ibu Bangsa jang berarti bahawa tiap-tiap perempuan Indonesia wajib berusaha akan timbulnja bangsa jang baru, jang lebih sadar akan kebangsaannja" (Panitia Peringatan Seperempat Abad Kesatuan Pergerakan Wanita Indonesia).

Pendhidhikan kanggo bocah putri dadi bab utama kang asring dingendikakake Sri Mangunsarkoro saben-saben ing pidhato lan tulisan-tulisane. Miturut dheweke, pendhidhikan kanggo anak wedok iku wigati, merga anak wedok ora mung gayutan karo solah bawa lan solah rasa, nanging anak wedok sesok bakal dadi sawijining ibu kang uga paring dhidhik kanggo anak-anakke. Pramila, perlu pendhihikan kang bener lan pener kanthi pengawasan saka uwong tuwane.

Sri Mangunsarkoro medhar yen anak wedok iku tinakdir dadi 'ibu', kang kudu nggulawetah lan ndhidhik anak-anake. Ancase, pendhidhikan kanggo anak wedok iku nyemaptakake anak wedok dadi "Ibu Bangsa, Ibu Indonesia".

Pendhidhikan kang dibangun Sri Mangunsarkoro minangka refleksi kahanan Jaman penjajahan, kaya dene kang sinerat ing majalah Poesara:

"...Meski pendidikan jang dilakoekan sebenar-benarnja dimana dan oleh siapapoen sadja, bermaksoed oentoek membangoen dan mengoeatkan watak-watak jang oetama dan menerangi watak-watak jang djelek dan rendah, akan tetapi selainnja itoe, kaoem pendidik dalam satoe bangsa berkewajiban besar djoega terhadap Tanah air dan Bangsanja..."

Emansipasi Wanita, Sri Mangunsarkoro ngupiya hak lan drajat kang sejajar antarane wanita lan priya, sejajar iku padha nanging beda ril dalane dhewe-dhewe. Emansipasi Wanita ora duwe ancas ngrebut kuwasaning priya. Kaya dene kang dibabar dening Sri Mangunsarkoro, wanita ora oleh ngungkuli watesing kodrat minangka wanita, ing pendhidhikan wanita oleh ilmu kang jumbuh karo kodrade.

Sri Mangunsarkoro ora dhewekan anggone ngupiya bab hak-hak wanita Indonesia, ana prawira-prawira wanita kang bareng dheweke. Kanca-kanca wanita sajawat ing Tamansiswa lan organisasi-organisasi liyane kang uga ngupiya pergerakan wanita Indonesia. Sejarah pergerakan wanita Indonesia bisa disinau ing Museum Monumen Pergerakan wanita Indonesia di Jln. Laksda Adi Sucipto No. 88 Yogyakarta, utawa yang lebih dikenal dengan Gedung Mandala Bhakti Wanitatama.***

Indri Prasetya Wati



(foto-fid)

Pandhanwangi, Wanodya Menoreh Kembange Sendratari Kulonprogo





Sendratari Api di Bukit Menoreh iku kanggo pratandha pamungkase pengetan Hari Jadi kang kaping 67 madeging Kabupaten Kulonprogo. Sendratari kagelar ing Alun Alun Wates. ***(foto-fid)***

PANDHANWANGI, wanodya kang kacandra dening SH Mintardja ing seri "*Api di Bukit Menoreh*", pancen riptan lan rumpakan pengangen. Nanging, Pandhanwangi, putrine Ki Gedhe Menoreh, kang tangguh tanggon mangsah jurit ngadhepi pangamuking Tambak Wedhi bisa dadi tepa palupi, jejering wanita ora mung kanggo genep-genep utawa kanca wingking. Pandhanwangi ngadhepi tumekane mungsuh, adu arep lan perang tandhing. Nanging uga gawe cara, nalika kalindhih lan ngangsek mundur ora sinartan rasa kalah, malah kudu gawe rekadaya amrih tetep bisa nahan laju pangamuke mungsuh. Pandhanwangi uga ngatur siasat dimen Ki Gedhe Menoreh kasapih saka panrajange Tambak Wedhi sawadya balane.

Pandhanwangi banjur nylamur nyawiji ing alam pradesan Menoreh kang sarwa kebak pereng lan jurang, tanem tuwuh kang ngrembuyung, sato kewan kang maneka warna, tuk toya kang gemaricik, kareka dadi guna piranti tameng penganseking mungsuh. Gambaran kaya mangokono iku kang cumawis dadi *Sendratari Api di Bukit Menoreh*, kapethik saka caritane SH Mintardja. Dene koreografi tarine karipta dening RM Kristiadi. Sendratari kolosal iku kanggo pratandha pamungkase pengetan Hari Jadi kang kaping 67 adeging Kabupaten Kulonprogo. Sendratari kagelar ing Alun Alun Wates (27/10) lan antuk kawigaten kang gedhe sama masarakat.

Pandhawangi cetha bisa gawe gelar perang kang tundhane bisa beberat mungsuh lan ngluwari panandhange kawula Perdikan Menoreh. Ki Gedhe Menoreh kang temen anggone mersudi marang kautaman kanggo ayem tentreme warga Menoreh, lan uga kupiya amrih makmuring laladan Menoreh, dadi tepa tuladha adeg pangarsaning kawula kang ambeg para marta, asih marang sepadha-padha. Ki Gedhe Menoreh, pangarsa kang tuhu jejeg ing paugeran, ora kersa memungsuhan, apa maneh melu ngrabasa nagara, mirong kampuh jingga kaya pangajake Tambak Wedhi.

Apa maneh, Ki Gadhe Menoreh uga wis tembayatan kalawan Sutawijaya-Pemanahan anggone bakal memangun budaya Mataram. Mula Perdikan Monoreh iku perangan kang ora bisa kasapih saka adeging Bumi Mataram. Tlatah Menoreh iku duwe sambung sujarah kalawan Panjang lan Mataram kang mengokone dadi cikap bakale Ngayogyakarta Hadiningrat (1755).

"Sanajan iki crita fiksi, nanging Api di Bukit Menoreh iku duwe daya pangaribawa tumrap jatidiri dhaerah. Crita iku bisa dadi sumber piweling tumrap masarakat, bumi Menoreh iku dudu bumi sembarangan. Bumi kang duwe riwayat lan bobot historis," ngendikane Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Kulonprogo, Untung Waluyo. Mula saliyane yasa sendratari, Dinas Kebudayaan uga yasa buku sejarah Kulonprogo. Bumi Menoreh, semangat Menoreh iku dadi salah sawijine pathokan etik lan sumber inspirasi spirit Kulonprogo.

Ing pangajap, "Sendratari Api di Bukit Menoreh" iku bakal terus kagarap nganti mengkone bisa dadi salah sawijine pratandha jatidhiri seni Kulonprogo kaya dene Sendratari Sugriwa-Subali (Guwa Kiskendha) kang wus bola-bali kagelar. Sadurunge kawujud sendratari Pandhanwangi iku, Dinas Kebudayaan Kulonprogo ngrakit tim kreatif kanggo bedhah seri "Api di Bukit Menoreh" amrih bisa dadi rumpakan sendratari. Tim Bedhah Naskah antarane Andang Supriyadi (putrane SH Mintardja), Susilo Nugroho (seniman teater), Purwadmadi (penulis budaya), Joko Budiarto (wartawan) lan Joko Mursito (seniman). Sawise kempel ing rembag, banjur kapasrahe RM Kristiadi (koreografer). **(pdm)**

OBROLAN KARO HARGI SUNDARI

Wanita, “Separo Nyawane” Seni Budaya

KALAWARTI SEMPULUR kelakon nemoni pawestri gapyak, semanak, seniman Kethoprak kondhang, Hargi Sundari asmane. Kontributor SEMPULUR Bey Saptomo ngobrol kalawan piyambake bareng anggone tata-tata arep mangkap manggung ini Sendangsari Pajangan, melu rombongan Kethoprak Ringkes Tjap Tjonthong Yogyakarta Pimpinan Sri Sumarwoto. Mangkene obrolan iku.

“Sugeng sonten, Mbak Ndari…..,” kandhaku karo salaman.

“Nggih, sugeng sonten!” jawabe karo riasan. ”Mbok ora sah basa, kaya karo sapa wae!!” panyruwene Hargi Sundari marang aku.

“Ndengaren Kethoprak Ringkes kok main neng pendhapa? Lakone apa, mbak Ndari?” pitakonku ndridhil, merga durung tau-taune Kethoprak Tjap Tjonthong kang disuhi Marwata Kawer main, manggung neng pendhapa.

“Jare dinggo nyengkuyung menawa Desa Sendangsari minangka Desa Seni Budaya…,” kandhane mbak Ndari isih karo dandan. “Lakone crita anyar babagan Hari Pahlawan sing ana gandhenge karo Pangeran Diponegoro.”

“Jan-jane mbak Ndari wiwit kapan ambyur ing jagad Seni Kethoprak?”

“Taun 1985, aku isih sekolah SMEA klas loro.”

Hargi Sundari njur dridhil crita, mbiyen mula bukane melu Kethoprak Kecamatan Kraton ‘Guntur Madu Budaya’, njur kerep manggung neng Sekatenan. Ngerti main Kethoprak sing tenanan iku sawise nyecep ngelmu pertunjukan Kethoprak neng Sapta Mandala sing dipandhegani dening swargi Rama nDung (Handung Kussudyarsana). Jarene, peran sing paling nengsemke nalika kadhapuk dadi Rara Semi ing Kethoprak Sayembara TVRI Yogyakarta “PRAHARA” rikala taun 1989. Senajan dadi bocah desa sing lagi ngrembaka, manut Mbak Ndari, Rara Semi duwe adeg-adeg minangka wong wadon.

“Miturutmu wanita iku piye ing jagad seni lan budaya?” pitakonku medhot anggone crita.

“Kanggoku, wanita iku kaendahane jagad. Dene kabudayan iku ing sajrone uga ngemot seni. Seni dhewe wis mratelakke babagan kebak kaendahan,” celathune manteb.

“Seni lan Budaya ora bisa dipisah karo wanita, ngono?” pitakonku ngangseg.

“Nyawiji! Kudu ana urune wanita ing jagad seni. Mbiyen, jaman Kethoprak durung maju kaya saiki, kemudu-kudune ana dhapukan wanita, rehne jaman semana wanita iku dianggep



(foto-dok. Hargi Sundari)



Hargi Sundari pentas kethoprak Conthong (foto-fid)

mung kanca wingking, ora entuk tampil, ora ilok. Mula dhapukane wanita kang main wong lanang ning macak wanita."

"Ning sing kerep anane wanita rak mung kanggo pacakan... seger-seger mata thok, ta?!" pitakonku nakal.

"Sumangga le arep ngarani, ning kanggoku anane wanita iku wigati. Ora cukup dadi pemanis ing sajroning tontonan, ning uga mrentulake tuntunan kepiye satenane aji dhirine wanita kang sejati. Wanita kang bisa mrantasi gawe. Wanita kang wani ora pasrah kahanan. Wanita kang nduweni adeg-adeg luhur. Wanita kang duwe prentul lan pikirane maju padha karo wong lanang" celathune Hargi Sundari. "Obah mingsete jaman wis aweh bukti, yen jejere wanita ora bisa disepelekke. Babagan apa wae mratelakke yen Wanita ora kalah dening priya".

Krungu kandhane aku njur kelingan kiprahe Ratu Kalinyamat, Nyi Ageng Serang, Cut Nyak Dien lan sapiturute.

"Banjur tugas lan sanggane wanita ing babagan Seni lan Budaya kepriye, Mbak Ndari?" pitakonku karo nyruput kopi sing diradekke para pramu bojana sore iku.

"Merga rumakete wanita marang seni lan budaya, mula seni budaya iku ora bisa pinisah karo wanita!" kandhane manteb. "Separo nyawane seni lan budaya iku merga kiprahe wanita, urune para wanita sing melu nggulawenthah ing sajrone. Merga wanita iku kebak kaendahan. Mula seka kuwi, aku ya titip pesen marang sedulur seniwati. Yen endahing wanita iku kudu dijaga, aja nganti diregeti kanthi bab-bab sing bisa nglunturake kaendahane iku".

Olehku ngobrol kepeksa mandheg, merga tim sutradara wis tata-tata arep mbabar wos lakon sing bakal dipentasake bengi iki. Ora lali aku ngaturake panuwunku marang mbak Hargi Sundari sing wis gelem takjak ngobrol climen.

"Sukses terus nggih mbak Ndari....!!"

"Nggih sami-sami, maturnuwun....." semaure Mbak Ndari karo mesem.

Bey Saptomo,
penyiar Radio Starjogja,
pemain kethoprak, penulis novel Jawa

WANWICARA

OKIE SURYA IKAWATI

Ngudi Seni Panggung Murih "Elegan"

MAJALAH Basa Jawa SEMPULUR, wawan wicara kalawan Ibu **Okie Surya Ikawati.** Pawestri kang ambyuk ing seni panggung kethoprak. Piyambake lenggah ing Kweni, Panggungharjo, Sewon Bantul. Tahun 1997-Peran Pembantu Wanita Terbaik Festival Kethoprak DIY. 2002-Peran Wanita Terbaik Festival Kethoprak DIY. 2002-Penata Busana Terbaik Festival Kethoprak DIY . 2005-Peran Putri Terbaik Festival Kethoprak Kota Yogya. Peran Wanita Terbaik Festival Kethoprak se Jawa. Asring main kethoprak ing televisi. Katemben dadi RA Retnaningsih, garwane Pangeran Diponegoro ing Kethoprak Beteng Rotterdam, TVRI Yogya.



(foto-Okie Ikawati)

Kados pundi kalenggahaning pawestri ing seni panggung?

Nggih. Kedah dipunakeni, bilih lenggah mapanipun pawestri ing jagating seni budaya tradhisi, kalabet seni kethoprak, estu kebak risiko. Anggenipun makarya kedah wangsul dalu, kepara asring dugi griya sampun meh enjang. Dereng malih penganggep awon ingkang sampun kaprah ing masarakat, bilih pawestri panggung menika dipunanggep andhap martabatipun. Malah, wonten ingkang ngwastani gampangan. Nanging sedaya wau kondur dhumateng teguh jiwa lan anggenipun sami purun mersudi kalenggahaning wanodya, anggenipun sami jejeg ing bebuden luhur. Kedah kersa jagi kawidadanipun martabat lan kalenggahaining wanitatama. Kedah tansah dipunudi dados wanita panggung ingkang elegan, kebak ing subasita, tatakrama, lan trapsila. Wangsul dhateng kapribadinipun. Kula pitados, menawi para sri panggung saget tansah jejeg ngugemi budi luhur, mesthi kemawon tiyang sanes ugi badhe paring kurmat lan pengaji ageng.

Menawi mekaten, ing seni panggung pawestri lan kakung menika sampun sejajar kalanggehanipun?

Wah. Kula kok tansah gadhah pemanggih, bilih para wanodya lan priya ing jagating seni lan budaya kagungan kelanggahan ingkang sami. Tugas lan tanggel jawabipun inggih tanprabenten. Sesarengan damel lestantunipun seni budaya, mliginipun seni tradhisi kerakyatan kados kethoprak. Kakung lan tiyang putri kedah sesarengan damel upadi supados seni adat, seni tradhisi mboten ical, kerut ombyaking jaman. Para pawestri ingkang mersudi lan gegulang ing seni panggung kedah purun rekaos, lampah prihatin, tansah nambah seserepan, pangertosan, wawasan, lan kaprigelan olah seni. Sampun ngantos namung marem nalika sampun wangun lan onjo wiraganipun ing panggung, nanging ugi kedah tansah damel kebak pikiripun, jembar wawasanioun, lantip panggraitanipun, lan wasis anggulawenthah pribadi, kaluwarga lan sesrawungan ing masarakat. Kula piyambak inggih tansah rumaos kedah sinau terus.

Punapa para pawestri seni panggung badhe kuwagang?

Menawi para pawestri, para wanodya sami purun, madhep mantep, mesthi bisa. Kedah saget. Kula tansah memetri tekad kula, ugi sampun makaping-kaping kula aturken dhumateng rencang-rencang, seni panggung, kethoprak kedah dados seni panggung ingkang elegan, murwat lan mungguh. Panggung seni, panggung kehormatan. Menawi seni panggung elegan, para sri panggung inggih sami mersudi ing budi luhur, laku adi, temtu para pamirsa, masarakat penonton, inggih badhe jumeneng dados penonton ingkang elegan ugi.

Kados pundi anggenipun Bu Okie sinau kethoprak?

Wiwit alit kula sampun tepung lan srawung seni kethoprak. Ibu lan eyang, remen kethoprak. Mliginipun kethoprak televisi TVRI. Nalika ibu lan eyang mriksani Kethoprak, kula lajeng nderek nonton. Remen, nanging babar blas mboten gadhah pengangen minggah panggung main kethoprak. Nalika remaja, pun dhawuhi Pak Lurah Pakualaman, ndherek kegiatan kesenian ing Kecamatan. Ndherek pentas dadakan lan nggih namung sak sagetipun mawon. Gantos dinten, Bapak Sugiyarto, seniman kethoprak RRI Yogyakarta, dhawuh kula supados ndherek tim kethoprak Kecamatan Pakualaman ingkang badhe majeng festival. Eee, ing festival kula dipunparingi pengaji peran pembantu wanita terbaik. Lhakok kasengsem kethoprak lajeng keterusan ngantos samenika. Kethoprak tansah kula antepi.

Sinten sri panggung ingkang dados guru kethoprak panjenengan?

Ooo, kula nggih kedah sinau terus. Kula menika remen njinggleng ningali lajeng nyinau aktingipun para senior, pawestri bintang seni panggung kados Bu Marsidah, Bu Minten, Bu Yuningsih, Bu Ponijah, mBak Hargi Sundari ... ngansu kawruh lan nyecep ngelmunipun. mBoten namung winates anggenipun sami akting ing panggung, nanging ugi luru pengalamanipun ing pagesangan lan pasrawungan rinten dalu ing masarakat. Kula sak-saged-saged tansah nyemak, nyinau winates sapangertosan kula. Dene menawi sri panggung kethoprak ingkang langkung sepuh kula inggih asring mireng dedongenganipun. Saperangan, nalika kula taksih alit inggih asring mireng giyaranipun ing radhio.

Menggah kethoprak tumrap BuOkie?

Kethoprak kados gumelaring gesang ing ngalam donya menika lho. Kethoprak menika laku urip pindhanipun. Temtu tansah wonten bab ingkang saget dipunprangguli wujud cemeng, pethak, lan ugi klawu. Leres lan lepat. Lir gumanti kantun anggenipun sami mastani. Kethoprak tumrap kula, gegambaraning urip. Ngalam donya pancen werna werna kahanane ... hehehe... **(pdm)**



Okie Surya Ikawati pentas kethoprak ing RRI ***(foto-fid)***

TEJA



KRT Cermo Widyokusumo. ***(Foto-dpp)***

K.R.T. CERMO WIDYOKUSUMO:

"Urip Iku Ora Wenang Sikara Marang Sesamane Titah"

LUMAKUNE Pamulangan Dhalang Habirandha (*Hanindakake Biwara Rancangan Dhalang*) Kraton Ngayogyakarta ora bisa dipisahake saka K.R.T. Cermo Widyokusumo. "Nalika dipunkepyakaken ing 27 Juli 1925, Habirandha pangarsanipun B.P.H. Suryodiningrat lan K.R.T. Joyodipomo," pratelane nalika ndunungake sejarahe Habirandha, "Inggih awit saking kepareng Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono VIII."

K.R.T. Cermo Widyokusumo sing pana anane bebedane Gagrak Ngayogyakarta lan Surakarta ngandharake, "Pramila pakeliran gagrak Ngayogyakarta lajeng ngracik piyambak prakawis ingkang wonten sesambetanipun kaliyan lakon, cepeng-sabatenipun, suluk, tabuhan, saha sanesipun."

Panjenengane nyerat "buku" alit mawa irah-irahan *Kawruh Widya Pakeliran Purwa I* (2006). Ing kono diandharake filosofine bab pakeliran wiwit saka wayang nganti beksan golek panuluping pakeliran. Tembung *Dhalang* iku saka tembung garba *wedha* sarta *wulang*. Dadi, dhalang kuwi juru wedha, yaiku pawongan sing piniji juru utawa tukang mulang wedha. Ananging, "wedha" ing ing kene karepe dudu "Wedha" kitab suci. Wedha sing dikersakake iku "wet" utawa "pathokan" utawa "paugeran". Wet/pathokan/paugeran mungguhing manungsa supaya uripe bisa runtut lan laras sing temahane bisa nemokake katrentreman. Awit saka anggone nyetitekake goteking pakeliran ringgit purwa, sing padha mirsani bisa mbundheli lan nglimbang sakebehing bebering wewarah sing digelar dening Ki Dhalang, "Pramila sok sintena ingkang jumeneng dados dhalang, samlun samesthinipun kedah ngebaki gembolanipun, isi kawruh ngelmi mawarni-warni, inggih ingkang magepokan kaliyan ngelmuning gesang kaliyan kaprigelan cak-ing pakeliran," pandhese K.R.T. Cermo Widyokusumo. Manut panjenengane, ana telung undhak-undhakan utawa tataran lakune urip sing diarani: Tri Wat gatra Tundha Lenggahipun dhateng Pathet.

Pakeliran ringgit purwa kuwi kairingan unine gamelan/gangsa sing kaperang dadi telu, yaiku Pathet Nem, Pathet Sanga, lan Pathet Manyura. Dene sing disebut pathet, tegese dikikisi utawa diendheg, "Cak-cakanipun ing panindak nabuh ingih punika nyarengi dhawahing tabuh ing wilah gangsa, kedah mathet swantenipun wilang ingkang katabuh langkung rumiyin. Ingkang makaten pamrihipun supados swantenipun laras kaliyan ingkang katabuh, tansah resik, murni, mboten kacampuran swanten laras wilahan ingkang katabuh saderengipun." Ancase, marang pituduh tumrap uripe manungsa ing alam urip bebrayan, yaiku saben wong mangerteni kikis hak sarta kawenangane sing didarbeki sarta ora andheseg darbeke wong liya. Yen bisa mangkono bakal laras lan runtut kahanane.

Tri Wat Gatra Tundha


Tembung satriya iku saka garbaning tembung "sad" sing tegese *nem*, "Tri" ateges *telu*, lan "Ya" mengku karep lungguh. Lire, padha karo Tri Wat Gatra Tundha, yaiku anane papan palenggahan telung papan minangka dedunungan sajrone nindakake Darma: sepisan, kawiwitan nalika isih tetunggalan kalayan Ingkang Murweng Dumadi; kapindho, papan nyandhang raga sajroning nindakake Darma ing alam donya; katelu, papan pungkasan utawa ing Alam Kalanggengan.

"Gambaranipun kados dene suta/anak kadhawuhan sudarma medal saking nggriya, makarya nindakaken darma. Yen sampun rampung ayahaning darma, lajeng wangsul malih ing griyanipun kanthi mbekta angsal-angsalipun anggenipun nindakaken darma."

Dadi, ngendikane K.R.T. Cermo Widyokusumo, sing diarani satriya kuwi dudu cakrik blegere wujud, ananging karakter, watak, kapribaden tumapaking urip nindakake "darmaning urip". Awit saka iku, satriya tansah bisa lulus raharja angjangka gegayuhaning sedya, jalaran satriya iku anganthi Prepat panakawan. Prepat iku werdining pasarujukan. *Pana* werdine paham; lan *kawan* werdine kanca/rowang, "Satriya anganthi Prepat Panakawan; werdinipun sangu kawruh seserepan sejatining ngelmu kahuripan."

Sejatine Ngelmu Kahuripan, mangkono K.R.T. Cermo Widyokusumo nerangake, intine mratelakake yen nglakoni urip iku ora wenang sikara marang sesamane titah urip. Darajad uripe manungsa sing kasinungan Akal Budi Cipta Rasa lan Karsa kinodrat saka kersane Sing Murbeng Dumadi, murih panindake darma uripe luwih utama katimbang makluk urip liyane. "Saking punika tuk sumberipun, pramila manungsa lajeng darbe budaya." **(Dpp)**

GAMBAR



Luwaran, Tayuban Sawengi





Uba rampe kenduri adat saka para warga. ***(foto-dok. panitia)***

MASARAKAT tani ing karang pradesan, sejatine tansah kebak panuwun lan pamuji marang Gusti Allah Kang Akarya Loka. Kabeh tumindak tansah sumendhe marang laku hamemayu hayuning bawana, urip laras karo obah mosiking alam. Kalebu nalika kridha golek panguripan kanthi olah tetanen, nenandur ing tegal pesawahan. Kabukten, maneka warna upacara adat lan tradhisi isih tetep lestari tekan dina iki. Kaya kang ajeg dilakoni masarakat Pedhukuhan Taruban, Desa Tuksono, Kecamatan Sentolo, Kulonprogo. Warga Taruban saben panen pari ungsum rendheng tansah nggelar upacara adat Luwaran lan nanggap tayub.

Miturut crita lisan kang dipercaya turun temurun, upacara adat Luwaran lan tayub kasebut wus ana kawit taun 1855. Mangkono katrangan juru kunci petilasan Ki Gedhe Tarub, Joyo Sumarto (76 taun) marang *SEMPULUR*. Joyo Sumarto entuk katrangan kasebut saka wong tuwane, asma Atmo Kasan (kelairan taun 1902) kang nalika sugenge uga dadi juru kunci petilasan Ki Gedhe Tarub.

Ketua adhat Taruban Kulon GS Suryadi (59 taun) kang wis dipercaya minangka ketua panitia upacara adat Luwaran kawit taun 1992 bebarengan ketua adat Taruban Wetan Zainuri, ngandharake upacara adat luwaran lan tayub Pedhukuhan Taruban Tuksono kasebut. Luwaran minangka wujud sukur warga, uga minangka srana panyuwunan keslametan lan kajad marang Gusti Allah Kang Maha Kuwasa. Miturut GS Suryadi, tayub saka tembung *ditata ben guyup*.

Ki Kertoyudo

Gelar tayub mesthi diwiwiti kanthi ritual sakral *ngibingke* Ki Kertoyudo. Ki Kertoyudo dipercaya minangka cikal bakal cithak banjar pekarangan Pedhukuhan Taruban kang rikala sugenge ing taun 1855. Ki Kertayudo kasebut kang sepisanan nanggap ledhek barangan cikal bakal tayub. Wektu kuwi ledhek barangan ditanggap ing dina awan sawise panen pari digameli nganggo saprangkat gamelan kang dipikul. Mula ledhek barangan kasebut banjur *ditata ben guyup*, tayub. Masarakat guyup rukun *saiyeg saeka kapti* ngleluri upacara adat tradhisi Luwaran kasebut tanpa mbedak-mbedakake agama, golongan, status sosial, lsp. Masarakat percaya ledhek barangan-tayub minangka karemane Ki Kertoyudo, tokoh kang banget ditresnani warga masarakat Taruban. Pentas tayub ing wektu iki gamelane komplit pelog slendro, dipentaske sewengi natas.



Ketua adat mandhegani ritual njupuk banyu suci ***(foto-dok. panitia)***





Tamu undangan ngibing bebarengan. ***(foto-dok. panitia)***

Upacara adat Luwaran diwiwiti udakara tabuh wolu bengi mapan ing pendhapa Dhukuh Taruban, dipandhegani Ki Joyo Sumarto minangka juru kunci petilasan Ki Gedhe Tarub lan Ki Sudi Wiyono juru kunci Sumur Gedhe (Sendhang Kamulyan). Sakloron ngaturake donga-donga pamuji lan panyuwunan marang Gusti Allah Kang Akarya Jagad kanthi simbolis kupat luwaran, ngluwari nadar. Sawise iku banjur proses ritual sakral *ngibingke* cikal bakal cithak banjar pekarangan Ki Kertoyudo kang dilakoni kabeh ledhek (penari) cacah enem kanthi iringan gendhing ing antarane gendhing *Ijo-ijo, Uluk-uluk, Semengin,* lan *Pitik Walik*. Ing kene ora kumecap suara, keplok apadene suara liya saka para tamu uga warga masarakat kang rawuh ing papan kono.

Rampung ritual *ngibingke* cikal bakal cithak banjar pekarangan Taruban, diterusake *ibingan* kanggo para pejabat (urut saka para pejabat kang rawuh). Menawa *ibingan* kanggo para pejabat wus rampung, warga masarakat lagi oleh giliran *ngibing* miturut urutan nomer kang wus disiapake panitia penyelenggara. Pentas *ibingan* kanggo warga masarakat digelar nganti wayah gagat raina.

Nadar Warga

Esuke, digelar proses njupuk banyu suci saka Sumur Gedhe (Sendhang Kamulyan) lan Sumur Cilik dening juru kunci, ketua adat, dhukuh, saha tokoh masarakat diiringi kirab barisan bregada. Warga masarakat kang duwe kajad nadar kumpul panggonan Dhukuh Taruban kanthi nggawa uba rampe kendhuren kayata sekul suci (sega gurih) linambaran ulam sari (ingkung), tumpeng, golong, ambengan, jajan pasar lan sapanunggalane. Banjur diwacakake kabeh kajad nadar warga masarakat dening ketua adat. Biasane warga masarakat kang duwe kajad nadar ora mung winates warga Pedhukuhan Taruban utawa warga Desa Tuksono wae, ananging uga warga sakiwa tengen Desa Tuksono kepara warga saka njaban kabupaten.

Sawise kajad nadar lan ubarampe kendhuren rampung didongani kang dipandhegani kaum rois Taruban, banjur diadani kembul bujana bebarengan. Bengine digelar wayang purwa sedalu natas kang uga minangka tandha rampung (pungkasan) kabeh proses upacara adat tradhisi Luwaran Pedhukuhan Taruban Desa Tuksono (**smn**)

Wanodya ing Seni Budaya

WAHYANO GIRI MC

RASANE aneh, menawa ing jaman milenium iki isih ana wong kang ngrembug bab kesetaraan jender. Nalika para pejuang feminisme lan aktifis jender wis padha kasil ngerek gendera "kesetaraan" ataraning lanang lan wadon, kasunyatane isih ana wong-wong kang nguthik-uthik bab iki.

Pancen ora bisa dipungkiri, jaman saiki akeh wong ngakoni kiprahe wong wadon pada karo umume wong lanang. Kabeh mau ora ora bisa dipisah ake saka peran Kartini. Salah sijine tokoh wanita Jawa, priyayi utawa bangsawan kang kasil mberontak utawa ngowahi pemikiran kang njiret para wanita ana ing jamane. Apa kang dilakoni Kartini bisa dadi conto menawa sejatine para wanita nduweni semangat gedhe kang patut disejajarke wong lanang. Semangat mau ana ing jaman saiki bisa dirasakake utamane ing jagading seni lan budaya.

Tanpa Kartini, kita kabeh ora bakal bisa nonton pagelaran seni tradisional Ludruk kanthi pemain wadon. Jaman mbiyen kabeh pemain Ludruk anane mung lanang. Dhapukan wadon dilakoni wong lanang. Semono uga kethoprak jaman mbiyen, kabeh dhapukan wadon dilakoni wong lanang. Kahanan iki jumbuh karo budaya lan tradisi Jawa kang mapanake wong wadon ana ing dhapur, sumur lan kasur. Wong wadon mung saderma dadi "kanca wingking".

Jaman milenial iki, jagad seni budaya ora bisa ucul saka sumbangsih para wanita. Ora mung winates dadi kembang, pernes manising panggung seni budaya. Anane para wanita ing jagad seni budaya ing wektu iki wus sejajar antarane lanang lan wadon. Malah ana ing bagian tartamtu, menawa wong wadon ora melu nandangi dadi krasa sepa lan garing.

Sepisan meneh, anane wong wadon ing jagad seni budaya ora mung dadi "pemanis" lan "pewangi". Ora bisa dipungkiri, akeh wong wadon kang nduweni bakat lan *potensi* bidang seni kang apik banget lan mumpuni. Bobot karya lan keprigelan nandangi pakaryan ing bidang seni budaya ora bisa dianggep sepele.

Akeh para wadon kang mumpuni lan kasil misuwur jenenge, ing babagan sastra Indonesia ana NH Dini, Mira W, Abidah El Khalieqy, Ayu Utami, Dee Lestari. Ing jagad seni peran ana Christine Hakim, Jenny Rachman, Widyawati, Tuti Indra Malaon. Ing jagat seni rupa ana Kartika Affandi, Emiria Sunassa, Ratu Adil, Lucia Hartini, Shirley Malinton. Lan ana ing donyane dagelan ana Ratmi B29, Parmi Prenjak, Soimah Poncowati lan akeh liyane.



Wahyana Giri MC ***(foto-fid)***

Tegese, jumedhule wong wadon ana ing jagad seni budaya pancen bisa ditampa lan bisa nandhingi kiprahe wong lanang. Kiprahe para wadon nalika nyambut gawe bebarengan wong lanang ana salah sijine *event* seni budaya kaya-kaya durung tau gawe wong lanang dadi ewuh pekewuh, ora gawe macet gaweane. Jaman saiki ing jagad seni budaya dadi jamak lan lumrah menawa ana wong lanang lan wadon barengan nyambut gawe. Malah akeh kang ngakoni, ing jagad seni budaya, pakaryan kang butuh wateg sabar lan laku ngati-ati, mung para wadon kang luwih dipercaya lan trampil nglakoni.

Wahyana Giri MC
Aktifis Gender. Devisi Informasi Dokumentasi
Sekretariat Bersama Perempuan Yogyakarta (SBPY).
Ketua Devisi Pemberdayaan Roepoen Tjoet Njak Dien (RTND)
Yogyakarta.

Paseduluran karo Sastra Jawa

YOHANES ADHI SATIYOKO

MENAWA ana panemu menawa sastra Jawa ora bisa ngrembaka kaya sastra manca liyane, kaya-kaya panemu kuwi mung ngayawara. Sastra Jawa drajate padha karo sastra Inggris, Prancis, Jepang, lan liya-liyane. Paugeran lan paedahe uga padha, yaiku dadi kaca benggalaning bebrayan ageng kanthi nyawisake gegambaran owah gingsiring jaman lumantar maneka jinis karya sastra Jawa. Sastra Jawa dadi seksi owa gingsiring Jaman, maneka werna asiling kasusastran mawujud ngugemi unen-unen "*Verba Volant Scripta Manent*", kang ateges lisan kuwi ora langgeng, nanging tulisan kuwi bakal langgeng. Babagan iki kabukten ing *Kitab Negarakertagama* lan *Babad Dipanegara* kang wus diakoni dening Unesco minangka *Memory of The World* utawa *Ingatan Dunia*. Iki ateges kasusastra Jawa kasebut nyulihi lan nyekseni owah gingsiring jaman ing Nuswantara wektu kang wus kawuri. Mula, nyipta karya sastra Jawa ukume wajib kanggo njejegake drajating kasusastran Jawa satengahing kasusastran manca.

Pamikiran kaya mangkono nuduhake menawa donyaning kasusastran butuh para sastrawan kanggo ngugemi, apresiasi, lan nuwuhake kreasi karya sastra Jawa. Mula, ndhedher generasi mudha minangka (calon) sastrawan wus dadi tugase awake dhewe. Kenangapa generasi mudha? Generasi mudha kuwi sawijining generasi kang duweni energi utawa tenaga digdaya kanggo ngrasa, tumandang, ngowahi, lan dandani jaman. Mula, karya sastra kang duweni paugeran *dulce et utile* (kaendahan lan paedah) bisaa digegulang dening para mudha dadi piranti produktif-konstruktif kanggo atur sumbangsih minangka kaca benggalaning bebrayan agung kanthi tetep ngugemi estetika (kaendahan) ing medhia eksprsine.

Sesandhingan karo para mudha ki gampang-gampang angel. Ora mung sesandhingan, nanging kekancan, kepara nyemedulur karo para mudha kudu duweni "strategi khusus" supaya ngasilake perangan kang migunani. Generasi mudha kudu bisa dadi bageyaning kasusastran Jawa minangka jati dhirining wong Jawa lan bangsa Indonesia. Mula, sabisa-bisa aktivitas kasusastran Jawa aja nganti duweni let (*gap*) kang adoh karo para mudha. Sipat "sapa sira sapa ingsun" ora bisa dadi pathokan kanggo miwiti sinau sastra Jawa. Sastra Jawa duweke sapa wae, ora mung wong sing bisa basa Jawa mlipis. Ora beda karo sastra Inggris lan Prancis kang uga wus dadi sastraning donya lan diugemi dening wong kang uga ora bisa basa Inggris lan Prancis wae. Mula babagan iki kudu diugemi temenan kanggo strategi mbalekake sastra Jawa ing jagad Jawa mligine. Para mudha kang durung pana sastra kudu dicechaki, dikenalke, sing durung bisa basa Jawa kudu tetep dirangkul, sing lagi wae mangerteni sastra Jawa kudu diaruhke kanthi nyemedulur. Nggandheng generasi mudha ya kudu melu dadi mudha, ing pikiran, idhe, panemu, solah bawa, lan liya-liyane. Babagan iki kudu diugemi kanggo nuwuhake patembayatan jati supaya generasi mudha krasa dadi sedulur lan nyemedulur karo kasusastran Jawa.

Ing jagading kasusastran Jawa, Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) tansah ngupaya *proses pembinaan* kanggo generasi mudha Jawa dadi sawijining aktivitas gladhen kang nyenengake. Mula, SSJY mung ngajak para mudha kekancan lan semedulur karo sastra Jawa, ora menehi jejibahan manggul tanggung jawab kudu nyengkuyung lan nyagaki sastra Jawa kang "adiluhung". Proses nyemedulur iki dadi tanggung jawabe para pengurus SSJY kang wani "manjing ajur ajer" tumrap sasopoa kang gelem dadi bageyaning aktivitas kasusastran Jawa. Diajab supaya para individu kasebut bisa mangerteni dhewe, krasa dhewe, duwe krenteg dhewe, lan wusanane bisa ngrengkuh kasusastran Jawa dadi sedulur kang kudu digemateni. Mula, menawa ana anggota mudha SSJY kang onjo, ateges dheweke wus bisa lan kasil mbangun paseduluran karo sastra Jawa. Individu sastrawan mau mesthi bakal terus mbangun sesambungan kang asipat produktif-konstruktif tumraping sastra Jawa. Gya pra mudha seduluran karo Sastra Jawa.

*Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) tansah ngupaya proses pembinaan kanggo generasi mudha Jawa dadi sawijining aktivitas gladhen kang nyenengake.***(foto-dok. SSJY)**





Macapat DIY Kasuwun TMII Jakarta Ajeg Ngisi Tontonan Malem Sura

MACAPAT saiki wis dadi tontonan lan ora mung mligi kakumandangake swara tembang. Dinas Kebudayaan DIY tembayatan karo seniman seniwati macapat, wis gawe riptan Macapat panggungan, ngganggo akting lan pemeranan. Mligine kanggo gawe wedharan bab lirik mantram. Lirik kang tlojonge kanggo reripih ing malem siji Sura, tumrape wong kang nembe mesu tapa, manjing ing panembah suci. Macapat Mantram utusan DIY dening Panitia Perayaan Malem 1 Sura TMII Jakarta sabanjure kakersakake taun ngarep wiwit ajeg munggah panggung TMII. "Niki macapat tontonan. Mboten winates namung nembang ura-ura mawon. Nanging ing mriku dipun bumboni mawi cara-caranipun ngasta seni peran. Mboten muspra anggen kita sesarengan damel riptan macapat pertunjukan. Sampun pikantuk kawigatosan sanes. Saget kok, saget," ngendikanr Kepala Seksi Bahasa, Drs, Suraya. (pdm)



Macapat Mantram utusan DIY dening Panitia Perayaan Malem 1 Sura TMII Jakarta (foto-dok. avg)

500 Guru lan Murid sa-DIY Ambyuk Ngusung lan Nyungsung Macapat



500 murid lan guru padha ngayahi Macapat Massal ing Pendhapa Dinas Kebudayaan DIY (foto-fid)

MACAPAT saiki wis katon kagandrungi dening pada mudha, mligine murid sekolah. Kabeh ana 500 murid lan guru padha ngayahi Macapat Massal ing Pendhapa Dinas Kebudayaan DIY, (8/11). Sadurunge munggah ing pendhapa, sesasi sadurunge wis padha bebarengan ngadani gladhen ing Aula Dinas Kebudayaan DIY. Guru lan murid padha mempeng anggone gladhen. Mula bareng tekan mangsane munggah panggung ing Macapat Massal, katon grengseng lan gumbira.

Miturut katarangane Kepala Seksi Sastra Jawa, Dinas Kebudayaan DIY, Drs. Drihardono, agendha Macapat Massal kaadani kaping pindho sajrone setaun. Tahun iki Macapat Massal tumrrap seniman-seniwati macapat wis kelakon ing sasi Agustus kepungkur. Dene 500 guru basa Jawa kang sayuk ing MGMP Basa Jawa DIY lan para murid SMA/SMK sa-DIY iki kajibah ing Macapatan Massal wulan November. "Ingkang pun waos lan tembangaken ing Macapat Massal II 2018 menika kapethik saka buku pelajaran Macapat," ngendikane Drihardono.

Wiwit esuk para murid wis nyandhang kejawen Mataraman, ngebaki pendhapa lan papan sakiwa tengene. Padha lenggah, ngusung jejibahan maos tembang kathi lagon macapat jangkep. Para guru lan kang kapiji dadi pangrasanie Macamatan uga temen mersudi, mula Macapat Massal kanton ngengreng lan wibawa. Eloke, rampung macapatan, udan tumurun. Macapat gawe pertandha tumurune udan sepisanan mangsa redheng taun 2018. Macapat Massal kakepyakake dening Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Budi Wibowo, SH. MM. **(pdm)**

Nembang Macapat 72 Jam Amrih Macapat Dadi Pakulinan

RERASUK sarining piguna nembang Macapat kan dadi pakulinan saben dinane, luwih temanja tinimbang hamung nguyak rekor pangelembana amarga akeh-akehan sing padha ngayahi nemmang, utawa suwe-suwenan anggone nembang. Pdadi pitung puluh loro jam nembang Macapat temah tumus piguna menawa Macapatan dipersudi dadi pakulinan bedinan.

Giliran nembang Macapat suwene 72 jam tanpa mandheg. Kang ndherek urun swara, cacah 400 wong, saka siswa SD, SMP, SMA/SMK, mahasiwa, lan para bapak ibu guru, seniman-budayawan, uga para kadang kasepuhan warga saindenging Kabupaten Bantul. Wiwit saka dina Selasa, 23/10 jam 08.00 nganti tekan Jumat, 26/10 jam 09.00 ing Rumah Dinas Bupati. Kang amengku gati, Dinas Kebudayaan Kabupaten Bantul. Rawuh ngestreni, Bupati Suharsono. Kepala Dinas Kebudayaan, Sunarto uga paring tuladha nembang Dhandhanggula sapada.

Miturut katarangane Kepala Seksi Bahasa lan Sastra, Dinas Kebudayaan Bantul, Tri Jaka Suhartaka, Macapat massal 72 jam tanpa mendheg iki bisa gawe kuncara amarga kalebu rekor. Ing Surakarta Macapatan massal bisa nganti 50 jam tanpa leren. Sadurunge, Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Bantul nate gawe Macapatan 48 jam tanpa leren. Taun 2018 iki Dinas Kebudayaan Bantul kelakon ngadabi Macapatan massal 72 jam tanpa leren dening 400 wong. Cacahe para panyarta iki luwih saka target, 300 wong. Saliyane para siswa, utusan kecamatan sa Kebupaten Bantul racak wis kulina Macapat lan Panembrama ing pakempalan ing wilayahe dhewe-dhewe.

Kang padha ditembangake, wus kacawisake dening Dinas Kebudayaan Kabupaten Bantul kang kapethik saka sumber kang wus



Priyayi sepuh ora ketinggalan paring tuladha nembang Macapat.
(foto-dok. Tri)



Para siswa SMP ing Bantul melu unjuk kabisan Macapat.
(foto-dok. Tri)

lumrah ditembangake dening para siswa lan warga. Kayata pupuh-pupuh Macapat kang kapethik saka *Serat Wulang Reh, Serat Wedhatama,Serat Nirbaya, Kidungan, Serat Dewa Ruci, Cuplikan Babad Demak,* lan sapanunggalane.

Seni Macapat nate rada ora krumatan. Para kawula mudha akeh sing ninggal lan ora gelem mersudi. Nanging sawise Dinas Kebudayaan dumadi ing Kabupaten Bantul, 2017, seni Macapat entuk kawigaten maneh banjur katon saya grengseng, akeh wiranem kang wiwit suka mersudi. Tri Jaka Suhartaka ngendika, pancen rada sumelang bab panembanging Macapat ing wanci jam 00.00-06.00 esuk amarga wektune wong padha ngaso. Nanging Macapat Massal 72 Jam ing Bantul wis kelakon tutug tatas ora ana alangan sawiji apa.

Susamidjo, kang melu nembang utusan saka Kecamatan Bantul, rumangsa bombong lan mongkok dene bocah lan remaja padha gelem lan grengseng mersudi tembang Macapat. Sekolah lan masarakat kudu tansah memetri seni tradhisi Macapat dimen lestari amarga Macapat ngemu pitutur luhur. **(mar)**

Temu Karya Sastra Jawa 2018 DIY-Jatim-Jateng-DKI Sayuk

TEMU Sastra minangka bageyan kangge mengku, ngginakaken, ngrembakakaken saha paring pembinaan tumrap kabudayan Jawa. Menapa ingkang sampun wonten mboten ateges jadhul utawi ketinggalan jaman. Wonten raos kuwatos menawi kabudayan Jawa mboten dipun-ngrembakakaken badhe kalindhes jaman. Menawi kabudayan sampun kalindhes jaman, idhentitas saha jatidhiri kula panjenengan sami badhe muspra," ngono pangandikan Plt Kepala Dinas Kebudayaan DIY Budi Wibowo S.H., M.M. nalika paring sambutan pambuka Temu Karya Sastra 2018.

Temu Karya Sastra 2018 digelar ing Hotel Laxston kawit 29 Oktober - 1 Nopember 2018. Ing kalodhangan kasebut uga dikepyakke antologi cerkak "Wulang Kumandhang", antologi geguritan "Weling Sinangling" saha andharan candran (esai) basa Jawa "Dhudhah-Dhudhah Gugah-Gugah terbitan Dinas Kebudayaan DIY

Kepala Bidang Sejarah Bahasa lan Sastra Dinas Kebudayaan DIY Erlina Hidayati SIP MM nalika paring laporan ngendika, acara Temu Karya Sastra 2018 dieloni 100 pasarta yaiku 5 pasarta saka DKI Jakarta, 5 pasarta saka Jawa Tengah, 5 pasarta saka Jawa Timur, 20 pasarta saka panulis sayembara novel basa Jawa 2018, 65 pasarta saka panulis antologi cerkak, geguritan saha andharan candran (esai) 2018. Acara kasebut diajab kanggo sarana mlumpuk lan sesrawungan sastrawan sastrawati, medhia apresiasi sastra, dhiskusi lan rembugan sastra Jawa saha bebarengan gawe rekomendhasi kanggo maju lan ngrembakane sastra Jawa, mligine ing tlatah DIY.



Temu Karya Sastra Jawa 2018 digelar ing Hotel de Laxston ***(foto-fid)***

Narasumber kang paring andharan yaiku Purwadmadi kanthi materi "Susastra Jawa Jatidhiri Dhaerah", Iman Budhi Santosa "Ngolah Basa lan Budaya Jawa ing Jagade Kasusastran Jawa Modheren", Gunarso TS "Sastra Jawa Dalam Terbitan Balai Pustaka". Sabanjure "Sastra Jawa Di Radio" dening Darmanto, "Pengalaman Jagad Jawa Solopos Dadi Agen Sastra Jawa" dening Ichwan Prasetyo, "Basa Jawi Ing PSJB" dening JFX Hoery, "Riset Sosial Sebagai Basis Penulisan Sastra (Jawa) dening Ons Untoro, "Prospek Sastra Jawi" dening Drs Dhanu Priyo Prabowo MHum, "Karya Sastra Kuna Menginspirasi Sastra Jawa Modern" dening Dr Sri Ratna Saktimulya MHum. Sabanjure "Teater Sastra Jawa" dening Wage Daksinarga, "Sastra Sebagai Alat Pendidikan" dening Dr Sri Harti Widyastuti MHum, "Sastra Jawa Ing Televisi" dening Andhi Wisnu Wicaksono saha pungkasan "Blegere Basa-Sastra Jawa ing Media Cetak" dening Joko Budhiarto.

Patemon Temu Sastra Jawa uga ngasilake dudutan rekomendhasi kang diwacakake dening perwakilan pasarta Joko Budhiarto. Sabanjure rekomendhasi Temu Karya Sastra 2018 kanthi simbolis diaturake marang Wakil Kepala Dinas Kebudayaan DIY Singgih Raharjo SH M.Ed. (**smn**)

Kirab Bregada Drone





Kostum unik ing FBN #2 (foto-abs)

FBN (Festival Bregada Nusantara) sing diadani dening Keluarga Besar (KBA) Alumni SMA Negeri 3 (Padmanaba) Yogyakarta (23/9) kasil kaleksanan kanthi becik, lancar, grengseng, lan meriah. Ing taun 2018 iki FBN sing ditindakake mujudake FBN sing kaping loro. FBN kaping loro ing taun 2018 iki ngusung irah-irahan utawa tema Nyawiji Nguri-uri Makmuring Negeri. Kaleksanane FBN sing kaping loro iki maremake banget jalaran kasil ngrangkul 32 sekolahan (bregada) lan wolung bregada sing dumadi saka alumni SMA N 3 Yogyakarta. Dene wong sing meloni FBN #2 iki udakara ana 1.000 wong. Ora mokal yen kawit jam 07.00 WIB dalan-dalan sing bakal diliwati bregada wis dikebaki ewon wong jalaran padha kuwatir ora komanan papan kanggo nonton kaleksanane festival iki mau.

Ana sing istimewa ing FBN #2 iki yaiku kanthi anane Bregada Drone. Mbokmenawa ya nembe ing FBN #2 iki dumadi anane Bregada Drone, yaiku bregada sing padha nggawa alat rekam sing bisa diaburake kaya dene montor mabur (helikopter) sing disetir kanthi alat remote control. Mbokmenawa uga anane Bregada Drone kuwi uga mujudake siji-sijine sing ana ing donya. Dene drone-drone kuwi mau sing banjur pating bleber ngrekam kaleksanane Festival Bregada Rakyat 2018 sing nempuh dalan utawa rute saka Parkiran Abu Bakar Ali-Malioboro-Beteng Vredeburg.

Anane Bregada Drone kuwi mau diajab bisa narik kawigatene para generasi millennial sing saiki nembe padha sinau ing bangku SMA/SMK sing padha ndherek festival supaya bisa melu cawe-cawe nglestarekake lan perduli marang budaya Nusantara lan ngiras pantes bisa nyawijekake karo kemajuane teknologi modern minangka tuntutane jaman sing ora bisa diselaki. Bab iki rinasa pas utawa trep karo jati dirine Ngayogyakarta minangka kutha budaya lan uga minangka kawah candradimuka tumrap generasi mudha sing padha sinau ing Ngayogyakarta.

Kejaba kuwi Festival Bregada Nusantara iki diajab bisaa dadi tali silaturahmi tumrap guyub rukun lan tembayatane warga Nusantara/Indonesia satrep karo Pancasila lan sesanti Bhineka Tunggal Ika. Beda wis dadi jamak lumrahe wong urip ing donya. Semonoa apa sing beda kuwi mau ora dadi pawadan kanggo ora rukun lan tembayatan. (abs)

Kirab Pelangi Budaya Merapi Petingane Pariwisata Sleman

KAYA taun-taun kepungkur, Kabupaten Sleman nganakake maneh *Kirab Pelangi Budaya Bumi Merapi*. Kirab Bumi Merapi (14/10) taun 2018 mujudake kirab sing kaping pitu. Kirab sing dipeloni dening 50 kelompok pasarta kuwi uga disayembarakake kanthi iming-iming bebungah 26 juta (total). Lumakune kirab diresmekake dening Wakil Bupati Kabupaten Sleman, Hj Sri Muslimatun, M.Kes. ing Lapangan Tridadi. Ingajab kirab iki dadi sarana kanggo ngangkat, nglestarekake, ngrembakakake potensi seni budaya sarta majuning pariwisata ing Sleman. Saliyane kuwi uga kanggo mengeti Hari Batik Nasional (2/10) lan Hari Pariwisata Internasional (27/9).



Reog ing Kirab Pelangi Budaya Merapi **(foto-abs)**

Kirab iki mau nempuh rute sing adohe udakara telung kilometer saka Lapangan Tridadi-Lapangan Denggung. Ing Lapangan Denggung iki mau saben pasarta kirab diwajibake nindakake *display*. Wakil Bupati Sleman ngajab kirab iki ora mung dadi acara sing sipate ajeg, nanging bisa narik kawigatene wisatawan saka mancanegara utawa saka ing saindenging Nuswantara. Saliyane kuwi Wabup Sleman uga ngendikakake menawa target kunjungan wisata ing Sleman ing taun 2018 yaiku 6 yuta wong. Nyatane kunjungan wisata ing Sleman ing taun kuwi malah nganti nyandhak 7 yuta wong. Kuwi tegese prestasi kanggone Sleman. Prestasi sing kaya ngono kuwi mau ora bakal kecekel tanpa *kerja keras*, *kerja cerdas*, *lan kerja ikhlas*. Mula iku Wabup rumangsa bombong lan rena merga prestasi iki.

Muga-muga masarakat lan aparat ing Sleman tetep lan terus bisa tembayatan kanthi becik saengga bisa mangun Sleman dadi tambah maju ing budaya. Ya marga prestasi-prestasi kuwi mau Kabupaten Sleman tansah dilirik dening investor saka maneka warna dhaerah, kalebu mancanegara. Yen digambarake Kabupaten Sleman kaya dene wanita ayu sing nembe mekar kaya dene kembang, dadi akeh sing nglirik. Kepala Dinas Pariwisata Kabupaten Sleman, HJ Sudarningsih M.Si. uga ngandharake menawa tema utawa irah-irahaning kirab yaiku Keberagaman dalam Kebersamaan. Bab iki cundhuk karo kahanane Sleman yang pancen dipanggoni dening maneka warna suku, ras, agama, kepercayaan, lan liya-liyane. Diajab keberagaman iki terus jinaga mekar lan lestari. **(abs)**



Dhimas lan Dhiajeng Sleman ing Kirab Pelangi Budaya Bumi Merapi #7. **(Foto-abs)**

Monumen Plataran, Kaca Benggala Para Mudha Anggone Labuh Negara

MONUMEN Plataran dibangun 1976. Dikepyake, 24 Februari 1977. Tanggal 24 Februari 1949, para pejuang kamardikan, akeh kang gugur ing Plataran, Selomartani, Kalasan iki. Mligine para kadhet (taruna) Militer Academy (MA) Yogyakarta, cikap bakal Akademi Militer Nasional (AMN) utawa AKABRI. Tanggal 19 Desember 1948, Belanda nyerbu lan ngebroki Yogyakarta. Tentara Nasional, bareng karo laskar rakyat, tentara pelajar, lan warga padha gawe gelar gerilya lan perang rakyat semesta. Kalebu ing Kalasan, akeh markas pejuang kang samekta lan para prajurite siyaga wani adu arep ngadhepi Walanda. Akeh tentara pelajar lan taruna MA kang nyawiji bareng kalawan gerilyawan lan rakyat, gawe siasat gerilya ngadhepi tumekane prajurit Walanda kang tangsah ngangsek nguyak dununge para pejuang.

Kadhet MA, Abdul Jalil gedhe tekate nyawiji ngadhepi tentara Walanda. Abdul Jalil uga remen nyathet pengalamane ing buku harian. Nalika melu bareng patroli, ngindhig laku jantrane prajurit Walanda, padha konangan Walanda lan dibrondong peluru. Abdul Jalil kalebu gerilyawan kang gugur. Jazad ketemu, nanging buku cathetane ilang. Kamangka, ing buku iku tinulis daftar markas-markas gerilya. Mula, para kumendan gerilya banjur cekat-ceket ngirit prajurit pindhah markas gerilya. Walanda terus ngoyak lan dumadi adu arep karo para gerilyawan. Akeh kang gugur. Gerilyawan pejuang kadhet-kadhet MA, tentara pelajar, lan laskar rakyat. Genah nalika iku rakyat kontrang-kantringan, prajurit pejuang uga padha sengkut ngadhepi trekah kridhane Walanda.



Wakil Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Singgih Raharjo lan para pejabat bebarengan nutul kenop tandha kepyakaning pengetan ing Monumen Plataran. (foto-avg)



Para pasarta saka warga gawe teatrikal raga ulang, pabarataning Plataran. 1949 (foto-avg)

Kanggo pepeling lan caos pakurmatan marang labuh labete para pejuang, mligine para kadhet MA, banjur kabangun Monumen Plataran. Wulan Agustus sajrone telung dina (26-28/8) kaadani Gelar Sejarah Perjuangan Plataran dening Dinas Kebudayaan DIY. “Kanggo nambah seserepan bab labuh labete para pejuang kamardikan, mligine tumrap para kadang mudha, mula kaadani Pameran Gelar Sejarah Perjuangan Plataran. Bab iki gayut karo kridhane para kadhet Militer Akademi ing jaman revolusi,” ngendikane Ibu Erlina Hidayati, Kabid Sejarah, Bahasa, dan Sastra Dinas Kebudayaan DIY.

Gelar Sejarah Perjuangan Plataran kaadani minangka sarana kanggo lumampahing Program Pengelolaan Nilai dan Sejarah Pembinaan dan Pengembangan Kesejarahan taun 2018. Gelar Sejarah Perjuangan Plataran iki ngajak 250 pelajar ing DIY, Taruna Akmil, Bergada Rakyat Selomartani, sinau bebarengan, nyecep patuladhane para mudha ing jaman revolusi. Para pelajar diajak bebarengan tepung swasana jaman gerilya, mula ora mung padha mirsani pameran nanging uga melu upacara pengetan, sarasehan kanthi narasumber ahli, lomba gambar, lan nonton kirab praga ulang, teatrikal, sejarah perjuangan Plataran dening warga Selomartani, anggota Komunitas Sejarah Plataran.

Kamardikane bangsa Indonesia tetep lestari amarga kaudi nganggo pangorbanan kang gedhe, ditohi nyawa. Palagan Plataran, palagan yudaning para taruna, salah sawijining papan kang tuhu gawe urun gedhe tumrap sejarah perjuangan bangsa nalika jaman revolusi kemerdekaan 1945-1949. Mula para wiranem kudu tansah nulat lan nuladha laku utama para pejuang kamardikan. **(pdm)**

Bregada Prajurit Rakyat melu ngregengake Gelar Sejarah Perjuangan Plataran (foto- avg)



Labuhan Pakualaman ing Glagah



LABUHAN Pesisir Glagah minangka sawijining upacara adat kang saben taun digelar dening Kadipaten Pakualaman. Upacara iku minangka wujud sokur mring Gusti Kang Akarya Jagad uga sung donga mring alam jagad raya.

Labuhan Kadipaten Pakualaman digelar saben 10 Sura. Barang-barang kang dilabuh ing Upacara Labuhan yaiku ageman Dalem Sampeyan Dalem KGPAA Paku Alam X, potongan kuku, potongan rambut sing saben taun dilumpukake. Saliyane iku, uga hajad dalem pareden kang awujud asil bumi. Asil bumi kayata, pari, pala kependhem, palawija, pala gumantung, lan buah.

Prosesi labuhan saka Kagungan Dalem Bangsal Sewatama pukul 07.00 tumuju Kagungan dalem Pesanggrahan Glagah. Maneka warna ubarampe kanggo upacara labuan kacepakake ing Bangsal Sewatama, dene nalika wus jangkep banjur arak-arakan tumuju Pesanggrahan Glagah.

Pesanggrahan kang mapan ana ing Desa Glagah, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo minangka papan ndedonga sesarengan sadurunge dikirab tumuju pendhapa Gisik glagah. Prosesi upacara dipimpin dening KPH Indrokusumo minangka penghageng Kawedanan Budaya lan Pariwisata Kadipaten Pakualaman. Udakara jam 09.00 ubarampe sesaji Hajad Dalem labuhan dikirab tumuju Pandhapa Gisik Glagah.

Putra dalem BPH Kusumo Bimantoro lan BPH Kusumo Kuntonugroho turut kirab saka Pesanggrahan Glagah tumuju Gisik Glagah. Kirab dikawal dening Prajurit Lombok Abang lan Pajurit Plangkir. Masarakat uga nyambut kanthi regeng lumantar prajurit rakyat kang uga melu kirab.

Pandhapa Gisik Glagah minangka papan sadurunge ubarampe sesaji Hajad Dalem dilabuh ing segara kidul. Tekan papan iku, tim SAR wis siap nyengkuyung nglabuh ing segara. Sesaji wujud ageman dilabuh ing tengah segara dene ubarampe tumekan gisik Glagah pinggir segara banjur rebutake dening masarakat. (**avg**)

Barang-barang kang dilabuh ing Upacara Labuhan yaiku ageman Dalem Sampeyan Dalem KGPAA Paku Alam X (foto-avg)







(foto-fid)

MENOREH ART FESTIVAL

Kulonprogo Gumregah, Ngedab-edabi

SAUMPAMA kembang, Kulonprogo wektu iki isih kuncup. Ananging sedhela maneh bakal megar, edi peni ngganda arum gawe sengsem sapa wae kang nyawang. Kanggo mapag mangsa megare kembang kasebut, Pemerintah Kabupaten Kulonprogo bebarengan dinas, instansi lan masarakat golong gilig manunggal karya ngangkat potensi seni budaya masarakat Kulonprogo.

Menoreh Art Festival (MAF) kang digelar 7-27 Oktober 2018 mapan ing Alun-Alun Wates Kulonprogo. Gelaran MAF "Gelora Gunung Samodra" dikepyakake dening Bupati Kulonprogo dr H Hasto Wardoyo SpOG(K) diampingi Wakil Bupati Sutejo saha Forkompida.

"Gelaran MAF diajab bisa ngangkat potensi pariwisata Kulonprogo saengga ing tembe bisa ningkatake perekonomian masarak," ngendikane Bupati Kulonprogo nalika paring sambutan pambuka MAF, Ngad, 7/10 MAF gelar Paradhe Gamelan Nusantara lan Pameran Seni Rupa, Batik, Pameran Keris. Sabanjure Pameran Asil kerajinan, Pentas Seni saha Gelar Potensi Rintisan Desa Budaya (7-12/10)

Menoreh Carnival (13/10) dieloni udakara 23 kabupaten/kota ing antarane Denpasar, Ponorogo, Magetan, Banyumas, Wonosobo, Temanggung, Magelang, Wonogiri, Pandeglang, Cirebon, Bantul, Sleman, Yogyakarta, Gunungkidul, Banyumas, Sragen, lsp, kang ngusung harmonisasi, sinkronisasi lan toleransi budaya saben wilayah.

Penghargaan Anugerah Budaya 2018 (13/10) marang 2 Tokoh Penggiat Budaya yaiku H Toyo Santoso Dipo kanthi prestasi ngrembakake konsep pertanian saha pelestarian lingkungan kanthi kearifan budaya lokal saha Joko Mursito SSn MA mengeksplorasi budaya lokal minangka karya seni kang diakui ing tataran lokal saha nasional. 2 Tokoh Penggiat Seni yaiku Parjiyo kang ambyur ing jagading seni tradhisi karawitan lan nyipta gendhing-gendhing Jawa saha R Sujarwanto Amd kanthi ngusung seni tradhisi karawitan mligine seni krumpyung. 2 Tokoh Pelestari Warisan Budaya yaiku Tariyo penjaga warisan budaya Candhi Pringtali Kebonharjo Samigaluh saha GS Suryadi ketua adhat upacara adhat tradhisi Luwaran-Tayub Pedhukuhan Taruban Tuksono. 2 Organisasi Penggiat Seni Budaya yaiku Lengger Tapeng Indro Cipto Nglinggo Pagerharjo Samigaluh, saha Tirto Sumarto *bruder* kang duwe gagasan salawat Katolik.

Kulon Progo Fashion Day (14/10) kang dieloni 16 SMA/SMK sa Kulonprogo ngusung kostum saha busana kearifan lokal. Tirakatan (15/10) kanthi panuwunan saha kendhuren Budaya. Gelar Sewu Angguk (15/10) minangka kridha sewu penari angguk, kesenian kang wus ditetepake minangka kesenian unggulan Kabupaten Kulonprogo kasebut. Macapat Massal (16/10) kang dieloni paguyuban macapat sa Kulonprogo. Parade Seni Perbatasan (17-19/10) kanthi gelaran seni budaya kabupaten kota perbatasan kayata Magelang, Jember, Banyuwangi, Purworejo, Bantul, Gunungkidul, Sleman. Banyumas, Wonogiri, Gianyar lan Ponorogo. Sendratari Sugriwo Subali (20/10) kang diparagani 80 seniman seniwati Kulonprogo saha Koes Plusan (20/10).


Sabanjure tanggal (21/10) Gladhen Jemparingan Mataraman, Tari Kolosal "Wira Pertiwi", Kethoprak Mataram "Ampak-ampak Kali Progo", Pagelaran Wayang Kulit lan Oglek (22-24/10) lan Parade Musik Gelora Muda (25/10). Festival Padhang Mbulan (26/10) yaiku lomba gejog lesung kang dieloni 12 kecamatan. Nguri-uri budaya nutu alu lan lesung kang ngasilake wirama kang rancak. Jaman biyen gejog lesung asring keprungu ing desa madesa ing tlatah Kulonprogo nalika wayah padhang mbulan.

Minangka panutup gelaran MAF, 927/10) diadani Lomba Nglarak Blarak, Pentas Apresiasi *Art for Children*, Sendratari "Api di Bukit Menoreh" saha Pentas Wayang Kulit sedalu natas dening Ki Wisnu Hadi Sugito mbabar lakon "Pandhawa Kridha" (**smn**)



Gelar Sewu Angguk.(foto-smn)

DONGENG



EKO PURWANTO

"Tulung . . .tulung . . .tulungi aku, Ndhuk! Tulung! Tuluuuuung!" Pambengoke pawongan kuwi njaluk tulung. Awake wis ginubet ula gedhe nggegirisi. Wis wiwit gineret mlebu leng.

"Iya . . .iya Ki Sanak! Aku mesthi tetulung! Ki Sanaaaak! Ki Sanaaaaaak!" Pitulungane wis telat. Pawongan kuwi wis ilang gineret ula gedhe kuwi mlebu leng!

"Mbakyu Pitutur! Tangi, Mbak! Tangi!" Panggugahe Pinulung, adhine nalika wis tekan peturon. Pitutur banjur lungguh ucek-ucek mripate. Panyawange kothong. Banjur celathu marang adhine.

"Jebul aku mung ngimpi ta, Dhi! Ayo nggoleki Simbok! Impen iki arep dakcritakake marang Simbok!" Pangajake Pitutur marang adhine. Wong loro banjur mlaku nuju ngarepan. Simbok lagi wae rampung methiki godhong sambirata kanggo nggawe jamu. Weruh anake wadon loro marani, godhong kuwi gage dielungke anak-anake. Wong telu banjur nuju lincak. Pinulung lungguh ing lincak metani simboke, dene Pitutur mijeti sikile simboke, sinambi nyritakake impene entas. Sawise rampung dicritani, Simboke nangis. Wong loro bingung, banjur takon.

"Simbok kok nangis ana apa?"

"Sejatine impenmu kuwi impen sing puspa tajem, Ndhuk! Impen sing nyedhaki kasunyatan. Pawongan sing ana ing sajroning impenmu kuwi ora liya . . . .Ramamu, Prabu Sardula Kenaka, Ndhuk!"

"Apa Mbok? Ramaku ro ramane Pinulung? Kok Simbok ora blaka sasuwene iki?" Pitutur sajak ora percaya.

"Simbok njaluk pangapuramu ya, Ndhuk! Sejatine Ramamu biyen sing dhawuh simbok supaya ngrumat kowe sakloron kawit isih bayi abang. Mangertiya, Ndhuk, Ramamu kepeksa tumindak mangkono merga janjine marang garwa prameswarine yaiku Gusti Ratu Maerah, ya wanita sing nggenteni ibumu sing seda kunduran sawise nglairake kowe kabeh. Ramamu kepeksa nuruti kekarepane ngguwang kowe sakloron ana ing alas kene! Gusti Ratu Maerah duwe karep ndadekake anake minangka Pangeran Pati. Mula banjur meksa Ramamu ngguwang kowe sakloron. Nanging Ramamu ora mentala, banjur dhawuh Simbok supaya ngupakara kowe kabeh!"

"Dadi ibu wis seda ta Mbok? Oalah, kok kaya mangkono ta Mbok lelakonku karo adhi Pinulung! Banjur saiki Rama neng ngendi, Mbok?"

"Ramamu isih madeg ratu ing Negara Ngatas Angin, Ndhuk! Manut kabar sing simbok rungu nalika neng pasar wingi, Ramamu saiki lagi nandhang lelara sing nganeh-anehi! Banjur ngadani sayembara. Mula saiki, Ndhuk, gandheng sliramu wong loro wis padha ngerti, luwih becik gage golekana Ramamu ing kutaraja!"

"Iya, Mbok! Aku sakloron pamit saiki! Ayo dhi! Gage mangkat!" Pangajake Pitutur marang adhine wadon kuwi.

"Sadurunge mangkat, Simbok arep menehake titipane Ramamu, Ndhuk!" Simbok banjur mlebu ngomah lan ora let suwi wis tekan ngarepan meneh.

"Iki kalung titipane Ramamu nalika kowe sakloron diguwang ing alas kene! Pinulung, nggonen kalung iki!"

"Iya, Mbok!" Kalung banjur dinggokake ing gulune Pinulung. Simbok uga nyangoni wong loro kuwi sewungkus sega anget kanggo sangu ing dalan.

"Mbok, aku karo adhi Pinulung pamit ya! Mengko yen wis kasil aku sakloron ketemu Rama, Simbok bakal dakpethuk supaya manggon ing kraton!

"Iya, Ndhuk, ati-ati lakumu! Simbok mung bisa ndedonga muga kasembadan sing dadi kekarepanmu kabeh!" Sawise kuwi wong telu banjur rerungkeban. Ana luh sing mili saka mripate wong telu merga kudu pepisahan sawetara wektu. Pitutur lan Pinulung banjur mbacutake laku tumuju Negara Ngatas Angin.

Ing satengahing dalan, wis adoh saka gubuge simbok, dumadakan wong loro meruhi ana simbah-simbah sing nglumpruk nyekeli wetenge merga keluwen. Kasurung saka rasa mesakake, Pitutur lan Pinulung marani simbah kuwi. Pitutur banjur takon.

“Simbah gerah nggih?”

“Ora, Ndhuk! Simbah mung ngelih! Wis limang dina iki wetenge simbah ora kelebon panganan! Apa kowe sakloron duwe panganan?” Pitakone simbah kuwi karo nangis.

“Oooo . . .menika Mbah, kula mbekta sekul. Nanging namung sekedhik lho! Mangga menawi Simbah ngersakaken dhahar!” Pitutur masrahake sega wungkusan marang simbah kuwi. Pinulung uga njupuk banyu sing diwadhahake ing bumbung cilik. Banjur dilungake marang wong tuwa mau.

“Woooo . . .ya, Ndhuk! Matur nuwun! Kowe sakloron eklas?”

“Eklas, Mbah! Pun gek didhahar sekule! Mangke mundhak tambah sakit padharanipun! Niki toyanipun!”

Simbah kuwi gage mangan segane Pitutur lan Pinulung. Nalika pulukan pungkasan wis mlebu ing tutuke, dumadakan simbah kuwi malih rupa dadi dewa. Eba kagete wong loro meruhi kuwi kabeh. Ora nyana jebul wong tuwa sing keluwen mau dewa sing nyaru manungsa. Wong loro banjur mundur wedi.

“Ora sah wedi lan kaget, Ndhuk! Sejatine aku utusane Sang Hyang Wenang ing kahyangan kana. Para dewa ora mentala meruhi lelakonmu kuwi. Para dewa duwe krenteg tetulung marang kowe kabeh. Pranyata, kowe sakloron pancen bocah sing becik merga nduweni rasa perduli marang wong liya! Mula minangka tandha tresnane para dewa, tampanana Siwur Pusaka iki! Banyu sing disokake ing siwur iki samengko bisa kanggo nambani larane Ramamu! Wis kana gage budhala! Ramamu wis nyata-nyata nunggu pitulunganmu! Ndhuk, iki siwure!” Pitutur banjur nampa siwur iku lan ngaturake panuwun. Sawise siwur ketampa, sang dewa banjur ilang. Wong loro bungah banget nampa pusakane dewa kuwi. Banjur mbacutake lakune.

****

Sawetara kuwi, ing kutaraja Negara Ngatas Angin, wis akeh wong sing melu sayembara ngusadani lelarane Sang Prabu Sardula Kenaka. Wosing sayembara yaiku sing sapaa bisa ngusadani lelarane Sang Prabu Sardula Kenaka, bakal dimulyakake uripe. Nanging pranyata durung ana sing kasil ngusadani. Para tabib saka brang Kulon, Kidul, Lor nganti brang Wetan tetep ora ana sing bisa ngusadani. Para sentana lan para kawula ora mangerteni yen sejatine sing nggawe lelarane Sang Prabu kuwi ora liya Ratu Maerah sekuthon karo Patih Gandawisa. Lumantar tenung sekti saka dhukun kapercayane, kekarone kasil nggawe Sang Prabu nandhang lelara sing kaya mangkono. Karepe Ratu Maerah mono, ngarah patine Sang Prabu kanthi cara sing alus, supaya kekarepane ndadekake anak lanange minangka Pangeran Pati bisa kaleksanan.

Nalika kahanan wis gawat kliwat-kliwat, dumadakan salah sijining prajurit Ngatas Angin paweh laporan marang Patih Gandawisa menawa ana cah wadon loro arep melu sayembara. Patih Gandawisa mung mesem krungu pelapurane prajurite mau, banjur dhawuh supaya nyowanake cah loro mau ing ngarepe. Eba kagete Patih Gandawisa sawise weruh cah wadon loro disowanake ana ing ngarepe. Kanthi anggak, dheweke nakoni cah wadon loro kuwi.

“Hem . . .apa mripatku ora blabur iki? Ana bocah wadon loro wani arep melu sayembara! Sapa jenengmu lan ngendi papan dunungmu, he!”

“Kula Pitutur, Ndara! Lan menika adhi kula, Pinulung! Kula kekalih saking Alas Dandaka mrika!”

“Oalah, geneya mung bocah saka alas! Apa bener kowe sakloron arep melu sayembara?”

“Nggih, leres, Ndara! Kula lan adhi kula menika gadhah krenteg ngusadani gerahipun Sang Prabu!” Mangkono wangsulane Pitutur tanpa wedi lan tetep nengenake subasita.

“Hahahahahaha! Kowe krungu kabeh, para prajurit! Bocah alas iki arep melu nambani gerahe Sang Prabu! Hahahahaha . . .Ya uwis kono enggal usadanana! Kuwi, Sang Prabu wis sumadya! Nanging awas! Yen ora kasil, kowe sakloron kudu gelem dadi abdiku! Hahahahahahahaha!”

“Sendika ngestokaken dhawuh, Ndara! Ayo Adhi Pinulung siyaga! Gage isenana siwur iki nganggo banyu sing ana ing bumbungmu kuwi!“

“Iya, Mbakyu! Iki banyune!” Pinulung gage nyuntak banyu saka bumbung sing digawa saka ngomah. Sawise siwur kuwi diisi banyu, Pitutur lan Pinulung banjur ndedonga njaluk marang Sing Kuwasa supaya anggone ngusadani Sang Prabu Sardula Kenaka bisa kasil. Sawise iku Pitutur banjur nyedhaki Sang Prabu. Banyu saka siwur kuwi nuli diunjukake marang Sang Prabu. Sakglegeg, rong glegeg, telung glegeg banyu wis entek gusis diunjukake Sang Prabu. Dumadakan metu teja ireng saka mustakane Sang Prabu. Teja sing cumlorot metu kuwi banjur mekrok ngebaki bangsal keprabon. Ora let suwe teja ireng kuwi wis sirna. Sabanjure, Sang Prabu Sardula Kenaka bisa jumeneng kanthi sentosa. Sang Prabu rumangsa bagas waras lan bali sakabehe kasantosane. Para sentana dalem, senapati lan prajurit sakkal ngaturake sembah marang Sang Prabu. Beda karo Ratu Maerah lan Patih Gandawisa. Raine wong loro pucet meruhi kasunyatan iki. Sang Prabu banjur ndangu marang Pitutur lan Pinulung.

“Ingsun ngaturake panuwun marang sira sakloron sing wis kasil ngusadani gerahingsun! Kaya prasapaku sing dadi wosing sayembara, marang sira sakloron ingsun paring kalenggahan sing dhuwur ing kraton kene! Majuwa, sira sakloron!” Mangkono dhawuhe Sang Prabu marang Pitutur lan Pinulung.


“Sendika, Sinuwun!” Wong loro wis maju sangarepe dhampar.

“Mrene, nyedhaka mrene! Ingsun pengin luwih cedhak namatake wong sing wis tetulung marang Ingsun! Mrene, Cah Ayu!” Sawise nyedhak, eba kagete Sang Prabu Sardula Kenaka meruhi kalung emas sing dinggo dening Pinulung.

“Oaaalah, kowe sakloron pranyata anak-anakingsun sing Ingsun guwang ing Alas Dandaka biyen! Mrene . . .mrene Ndhuk Cah Ayu!”

“Ramaaaaaa . . .Ramaaaaaaa . . .Ramaaaaaa!” Wong telu bapak anak padha rerungkeban suwe. Wis nyawiji. Ora bakal pisah maneh. Ratu Maerah lan Patih Gandawisa banjur tinggal glanggang colong playu meruhi kasunyatan kuwi.

TETIRAH



SIGIT BS

KYAI Kasan ora ngira menawa tindake Sunan Kalijaga menyang tlatah Menoreh mung sadhela lan dina kuwi wis kondur sisan mampir papan dununge. Adat saben penjenengane kuwi sok nganti sasen-sasen ngayahi pangumbarane nyebar piwulang agama. Mula dina iku dheweke ora cepak-cepak apa wae kaya salumrahe wong yen arep ketamon priyayi luhur kang banget disuyuti minangka pepundhene.

"Nyuwun pangapunten engkang saestu, Kanjeng Sunan. Jalaran cublukipun pangertosan kula saha kethulipun panggraita estu-estu kula mboten nginten menawi dinten menika Kanjeng Sunan badhe pinarak mriki," ature Kyai Kasan ndredheg, kuwatir nemu dukane Sunan Kalijaga.

Sunan Kalijaga mesem nyawang pasuryane Kyai Kasan kang semu pucet, "Ora pa pa, Kasan. panggraitaku wis paring tengara menawa panggraitamu kuwi pancen isih kethul. Mulane disregepi anggone ngaji, luru piwulangan apa wae, ngasah lair batinmu supaya saya suwe saya lantip lan saya kebak pengalamanmu!" Wangsulane Sunan Kalijaga.

"Inggih, inggih, inggih, Kanjeng Sunan. Sinaosa bodho kados pundi kemawon kula badhe tansah sinau ngaos sesarengan anak kula kekalih," ujare Kyai Kasan karo nyawisake degan kang wis diparasi lan dibolongi, "Nuwun sewu, Kanjeng Sunan. Ngunjukipun namung toya degan," ature karo nglobokake kethokan damen teles minangka kanggo sedhotan. "Menawi panggraita kula mboten kethul mesthinipun kula mangertosi menawi Kanjeng Sunan badhe tindak mampir lan kula saget cepak-cepak sasedayanipun. Lha samenika lare kula pun Jaka Bagus anggenipun pados toya kemawon dereng wangsul."

"Ooo, ngono ta? Hyoh. Sing opek degan ya anakmu iki? Kok nalika aku mangkat nang Menoreh lan merlokake

mampir kene sira ora ana? Sapa aranmu, Le?", pitakone Sunan Kalijaga karo noleh marang nom-nomam kang lungguh ana sacedhake.

"Jaka Tenuka, Kanjeng Sunan."

"Sira bisa nggodhog wedang ora?".

"Saged, Kanjeng Sunan. Namung kados ingkang dipunaturaken bapak kala wau, toyanipun dereng wonten. Jalaran wiwit enjang wau adhi kula pun Jaka Bagus dereng wangsul anggenipun pados toya," wangsulane Jaka Tenuka.

"Apa adoh banget papane golek banyu?"

"Inggih. Lumampah sedinten nembe dugi."

Sunan Kalijaga manthuk-manthuk, prihatin. Sakiwa tengen papan kono pancen ora ana sumber utawa umbul. Ing mangka banyu kuwi dibutuhake banget kanggo keperluan sedina-sedinane.

--o--

Sorene nalika Jaka Bagus mulih nggawa banyu saklenthing, banyu semono mau mung cukup kanggo nggodhog wedang karo mususi beras lan nggodhog kimpul utawa tela. Dadi yen arep nindakake kuwajiban sholat ora bisa wudlu kepeksa mung tayamum.

"Jaka Bagus, yen ora lali dhek emben aku mampir kene tau pesan marang sira? Supaya gawe blumbangan ana ngisor wit ringin kebonan kulon kono? Apa wis tok wiwiti?", pitakone Sunan Kalijaga.

"Sampun, Kanjeng Sunan. Ewasemanten sitinipun teles kemawon dereng menapa malih medal toyanipun," wangsulane Jaka Bagus.

Sunan Kalijaga ora enggal ngendika, piyambake mung manthuk-manthuk. Bisa wae panggraitane sing kleru, kethul, kaya dene panggraitane Kyai Kasan. Sebab sapepadha titahe Gusti Allah kang ora sampurna piyambake uga bisa kleru lan kanggonan salah. Mula gage-gage Sunan Kalijaga nyuwun pangapura marang Gusti kang akarya jagad lan nyuwun marang penjenenganNe supaya dituduhake carane anggone arep tetulung marang kawula sing pancen mbutuhake pitulungan.

"Ayo saiki padha ditiliki anggone Jaka Bagus ngedhuki blumbangan kanggo gawe sumber banyu!" pangajake Sunan Kalijaga marang Kyai Kasan lan anake lanang sakloron

Ana ngisor wit ringin gedhe sacedhak gubuge Jaka Bagus pancen ngedhuki blumbangan jembar nanging durung ana tuk-e. Sunan Kalijaga miderake penyawange sakiwa-tengene papan kono. Nitik kahanan mesthine papan kaya ngono lumrahe ana tuk-e apa maneh wit ringin kang tuwuh uga branggah, gedhe dhuwur, godhonge ketel, sulure muyeg. Kudune oyot-oyot wit ringin mau bisa nyimpen banyu saakeh-akehe nanging kenangapa kok ora?.

"Kyai Kasan lan uga kowe bocah sakloron, rewang-rewangana anggonku nyenyuwun marang Gusti Allah, muga-muga diparingi banyu penguripan kang migunani tumrape sapa wae saiki nganti tekan ing tembe!", pangajake Sunan Kalijaga.

"Sendika, Kanjeng Sunan"

Kanthi tulus lan ikhlasing manah wong-wong mau madhep manteb, ndedonga sarta nyenyuwun mring Gusti muga diparingi barokah dening kang Maha welas asih lan Maha peparing marang umate.

Sunan Kalijaga banjur jumangkah nyedhaki wit ringin, "Bismilahirromanirrohim, 'Jreb'!" tekene dituncepake ana lemah sangisore wit ringin. Nalika teken mau dicabut pating semporot banyu bening metu saka tuk-e ngebaki blumbangan kedhukane Jaka Bagus malah nganti mbleber-mbleber.

"Muga-muga banyu iki murakabi tumrape umat sakiwa-tengene papan kene. Kanggo pengeling-eling sumber banyu iki tak jenengi 'Sendhang Bagusan' merga sing ngedhuk blumbangane si Jaka Bagus. Dene papan sakiwa tengen kene yen ing tembe dadi dhusun tak wenehi tetenger nganggo jenenge Kyai Kasan lan anake lanang Jaka Tenuka. Mula dhusun kene arane dhusun Kasanuka," ngendikane Kanjeng Sunan Kalijaga.

"Sae menika, Kanjeng Sunan. Kita sarujuk," wangsulane bapak saanake mau.

Suwening suwe dhusun cilik mau mekar ngrembaka dadi gedhe lan rame saya lan akeh wargane. Jalaran akeh sanak kadang sing banjur padha melu manggon ana kono sarana padha babat alas lan nggawe sawah-sawah kanggo tetanen.

Lemah kang gembur sarta murah banyu ndadekake dhusun Kasanuka subur makmur lohjinawi urip sing sarwa tinandur. Pasar uga banjur didegake kanggo dol tinuku pemetune anggone padha olah tetanen lan sanak kadang saka manca desa uga padha teka mrono dodolan barang-barang maneka rupa kang dibutuhake warga.

Lumakune dina, nyandhak sasi-sasi, gilir gumantine taun mbaka taun rinasa cepet banget ndadekake dhusun Kasanuka saya mundhak regeng lan rame, wargane saya akeh. Jalaran akehe sanak kadang saka manca kang ora ngerteni sujarahe dhusun kono mula anggone nyebut jenenge dhusun ya mung saisane dhewe-dhewe. Sing biyen jenenge dhusun Kasanuka suwe suwe dadi Sanuka lan ngati seprene dhusun mau ketelah dhusun Senuka. Dene jeneng sendhange tetep yaiku sendhang Bagusan.

--o0o--

Godean,1 Januari 2018

Sigit BS (Sigit Budi Santosa)
Dongkelan, RT 01 RW 26, Sidorejo, Godean, Sleman, Yogyakarta 55564.
085643999414
Rosita Nur Anarti (anak) guru SMA Negeri 2 YK
HP 085725204144 (WA)
rosita.na4@gmail.com

Pleret Momot Golong Gilig Mataraman

BOCAH-BOCAH kanton padha gumbira. Ana ing Taman Glugut kang eyub lan Banyu Kencana kang bawera. Papan ing tepine tempuran Kali Opak lan Gajah Wong ing Desa Pleret lan Wonokromo, Kecamatan Pleret, Bantul lagi diadani *"Perayaan WBTb DIY" : Golong Gilik Mataram*. Para bocah lan kawula mudha iku padha melu ngulet-ulet lemah nyoba gawe gerabah, ngulet-ulet kumbu nyoba gawe bakpia, ngulet-ulet ketan mateng dangdangan, nyoba gawe bekakak manten, nyoba ngecong utawa ngesok jarang panas ing gelas isi wedang uwuh, katon seneng lan banget anggone kepengin bisa nandangi kaya kang katindakake dening para sepuh kang wus ahli.

Gerabah Kasongan, Bakpia Yogya, Adat Saparan Bekakak Gunung Gamping, lan Wedang Uwuh pancen kalebu perangane Warisan Budaya Takbenda (WBTb) kang nganti 2017 wis cacah 37 kang cinathet dening Pamarintah/Nagara, malah taun 2018 wis genep 64 WBTb DIY kang antuk katetepan dadi warisan budaya bangsa Indonesia saka DIY.

Wiwaha jarwa WBTb DIY ing Pleret, (12-14/10) kaadani dengan Dinas Kebudayaan DIY kang ancase kanggo gawe biwara kagem masarakat yen WBTb DIY kang sumbere sakan Kraton Kasultanan lan Kadipaten Pakulaman, uga luwih akeh kang saka rakyat lan kawula ing karang pradesan iku pancen mejila lan ngedab-ngedabi. Ora kurang 37 WBTb DIY kagelar ing Pleret, mawujud ing pergelaran seni utawa tontonan, pameran produk lan demo proses cara carane anggawe, kirab arak-arakan wujud upacara adat lan tradhisi, lampah tuladha, wawan rembag (konsultasi) lan uga sarasehan.



Para bocah lan kawula mudha iku padha melu ngulet-ulet ketan mateng dangdangan, nyoba gawe bekakak manten ***(foto-fid)***

Kepara uga kagawe "pasar tiban" ing Taman Glugut kang karengga dening para ibu lan warga setempat. Kang padha kasade kabeh tetedhan kang wus katetepake minangka WBTb, kayata gudheg, wedang uwuh, bakpia, lan panganan tradhisional liyane. Anggone leladi ya nganggo ajang grabah. "Malah upacata tedhak siten lan manten palakrama adat Yogyakarta uga kaparagakake langsung, dening manten tenan karengga dhekorasi khas pradesan," ngendikane Hendro salah sawijining panitia.

Seni rakyat kang wus katetepake minangka WBTb kayata Panjidor, Badui, uga kagelar kanggo ngarak manten, tetakan, lan tedhak siten. Upacra adat Saparan Bekakak Gunung Gamping uga kagelar saka anggone gawe temanten bekakak nganti tekan pangarak lan pambelehe. Ora keri, jathilan. Kabeh banjur karengga bareng genten genti karo seni rakyat kang durung katetepake minangka WBTb, kayata Sholawatan Jawi. Dene seni Montro kang asli Pleret kagelar ing Bale Desa Pleret nalika *Golong Gilig Mataram* iki kakepyakake dening Gubernur DIY, Sri Sultan HB X. Montro kagelar sadurunge Beksan Golek Menak Kraton padha bebarengan kapirsani. Ing Bale Desa Pleret uga kagelar Pameran lan Sarasehan.

Adicara "Golong Gilig Mataram" gede daya pangaribawane amarga tembayatane Dinas Kebudayaan DIY karo masarakat lan Pemerintah Desa. Menawa kakerta aji, daya panyengkuyunge warga ora bakal bisa kapiji gunggung cacahe amarga saking akeh lan gedhene kawigaten lan tandang guyub rukune para warga. Dene kang padha rawuh mirsani dlidir saka ngendi-endi papan. **(fid)**

BARDIKARI JATMIKO

Dudu Pilihan

Pemiludigelarajeglimangtaunan
Gambardijerengrenteng-renteng
Dikonmilihsiji-sijine
Oramilihsalahmilihbisasalah

Pilihankokdipeksa
Rupa-rupa tan pantespinilih
Nalarbuyarakalkanggongakali
Gaweaturannjalukbayaran

Rakyat kapidihngelih
Lungguhkursinumpukbandaluwih
Lalijanjininggalbukti
Sing diluruamunggaji

Disawangpantesdibuwang
Panjakkarananancepkewayang
Lakunemanutdhalang
Mburigeberkaton*bayang-bayang*

Dudupilihan, *pelakonbayangan*
Bantul, Juli 2018

Banjir

Banjirngetuspikir
Katrajangkentir
Padhasumingkir
Minggir

Nibabanyuudantanparesepan
Blandhanglubertampungan
Wit-witan ngaranglemahnggantang
PokaleparaPengembang

Ilangsadharlingkungan
Mbangunomahmburuutangan
Gunungdikeprasngurugjugangan
Cacaheorawilangan

Anakputuorakeduman
Ninggalpranatanmbubrahtatanan
Lestarinealamoradieman
Embuh kaya ngapakahanan

Bantul, Juli 2018

Paesan

Rupa pas-pasan
Wedhakpupurkanggopaesan
Mblengerlambebengesan
Solahbawaturutdalan

Raga nggawarega
Ngundangsandiwaraasmara
Kepilut rasatrenacuculbeya
Nyemplungsamodralelara

Dora disandhang
Glagatkebakgalugut
Imandibuwang
Sengkutngluruluput

Tindaktandukpalson
Adoltresnanumpukarta
Nambahipanasgeninaraka
Uripadohsakawewaton

Bantul, Juli 2018

Wis Ilang

Ilangtatakramalankasopanan
Nengdalanugal-ugalan
Numpakmontormatanejelalatan
Playune kaya copetplingsatan

Ikijamanrakaruwan
Urippadharebutan
Pejabaterayaan
Wong cilikrakomanan

Ra isinpupurantai
Guya-guyunengtelevisi
Jupukbandhacarangapusi
Sekapegawaingantimentri

Selakprasetyalanjanji
Nangisibupertiwinggetuni
Putra-putrabangsangiyanati
Lakulelatukucemnegari

Bantul, Agustus 2018

Bardikari Jatmiko,
Bantul 28 September 1965.
Panggiyat seni teater “KERETA” Bantul.
Penulis naskah Pililih Festival Teater
Kabupatem Bantul taun 2017.

SUPRI CANTRIK DESA

Rebut Ngarsa

Sejatine apa kang kok lari
Ing kurepe langit lumahe bumi
Drajat pangkat semat?
Yagene wani ninggal adat
Lirwa purwa lan duksina
Nyrekal njegal mring sasama
Bandha panguwasa
Temahahan mung bakal onya
Ya gene andhedher daksiya
Gawe dredah nyebar cubriya
Jail methakil
Nora adil
Mitenah mbubrah
Nyidham panca bakah
Sepira penake lungguh
Ya gene dibayar cawuh
Katentreman
Katresnan
Kamulyan
Kaluhuran
Mung dadi pepasrening taman
Ora dadi endahe ageman
Apa sliramu orang eman?

Kebosungu, 5 Mei 2018
CandraSengkala: Ratu Buta Ambedhah Jagad

Ridhu

Bleduk iki isih dadi ridhu
Ing laku kang kebak wewiru
Jangkah jangka
Ngipatke gela lan panalangsa

Sliramu kang dadi ati
Kumanthil rina lan ratri
Ya gene tansah lelewa
Anyendhal rasa ing jero dhadha

Angin sore angganda wangi
Nebah dhadh angore rikma
Ing ngendi sumendhe rasane ati
Marang asta-Mu tansah dakpuja

Lamun sasangka mangling brang kulon
Bakal tak gulung sakeh lelakon
Takbuka korine wengi
Nyawiji rasa ing tepas wangi

Kebosungu 15 Okt 2017

Impen Kaharinan

Kok titipke panggrantesmu ing impen wengi
Kok gelaring alam sumpena kang kebak leledha
Ngirisati
Ngenguwuh lathi
Nyundrik dhadha nutuh gela
Apa kok kira impeniku kasunyatan
Kamangka watese mung sak kedhepan
Byar wewayangan bakale ambyar
Wudhar ilang kang sarwa samar.

Jaten Madyaratri 5 09 17
Supri Cantrik Desa
(Supriyadi, S.Fil). Klairan Bantul, 19 April 1972.
Konsultan Pemberdayaan Masyarakat Perkotaan dan Pedesaan.
Nulis geguritan lan macapat wiwit taun 2015.



Festival Sandra Tari Kontingen Kabupaten Sleman. ***(Foto-fid)***

MACAPAT

Catur Marga Mamayu Hayu Bawana

YOHANES SIYAMTA

SINOM


I
Mamayu hayu bawana,
dadya dhasaring pakarti,
nayaka Ngayogyakarta,
dalah pra kawulaneki,
rumesep jroning ati
mujud mring prilakunipun,
manembah mring Pangeran,
asih tresna mring sesami,
sesarengan nyipta bawana raharja.
II
Trep lan wedharan punika,
Njeng Pangeran Mangkubumi,
Narendra Ngayogyakarta,
Sri Sultan kang kaping siji,
mbabar wedharaneki,
marga lan pralambangipun,
dadya tetengerira,
ngandhut makna kang utami,
catur marga sarana manggih raharja.
II
Kapisan Marga Utama,
wiwit Tugu Golong-Gilig,
nuju prapatan kapisan,
Tasiun Tugu saniki,
dadi pralambang yekti,
wajibing wong urip iku,
trus nggayuh kautaman,
ditansah tumindak becik,
singkirana sabarang prilaku ala.
IV
Marga kang kaping kalihnya,
Malioboro kang nami,
saking prapatan kapisan,
nuju prapatan kaping dwi,
"malia" gadhah werdi,
Trep pra wali tindakipun,
"bara" teges ngumbara,
nyebar wejangan pra wali,
gesang suci tansah manembah mring Allah.
V
Kaping tiga tengerira,
Marga Mulya kang anami,
wiwit prapatan kalihnya,
nuju prapatan kaping tri,
yeku nggadhahi werdi,
lamun becik tindakipun,
lan nyebar kasaenan,
trep wejangan para wali,
pra kawula badhe nggayuh gesang mulya.
VI
Kaping catur pangurakan,
saking prapatan kaping tri,
tumuju plataran amba,
Alun-alun araneki,
pangurakan puniki,
werdi teges maknanipun,
mbucal ngusir lan nolak,
hawa nepsu drengki srei,
catur marga mamayu hayu bawana.

Bedog,
wiwitaning mangsa rendheng 2018
Y SIYAMTO
seniman sastra lan budaya Jawa



Abdi Dalem Kraton Ngayogyakarta nalika nampi dhawuh ngayahi nembang Macapat ing Bangsal Srimanganti. Kaadani saben dina Jumat. Nembe maos naskah carik, seratan asta asisten pujangga. ***(Foto-fid)***

Tembang Sonyaruri



MARGARETH WIDHY PRATIWI

DURUNG sida leren, sikil isih kaya digandhuli watu nalikakrungu swara lawang dithothok pindho, Marni ethok-ethok ora krungu. Dheweke nyeleh awak, turon lan nyoba nutupi kupinge.

"Permisissi...."

Marni ngeremake mripate.

Lawang bali dithothok. Marni jumangkah wegah, nyeret sikil nyedhaki lawang.Dheweke apal sapa sing wani wengi-wengi ngene iki nothok lawange. Lawang dibukak sethithik, banjur kandha karo sing neng njaba, *"Saya baru pulang, masih capeek."*

*"Tapii...."*Bocah wadon cilik neng njaba kandha memelas.

Marni ora ngrungokake, dheweke gage nutup lawang.Bali neng peturone, unjal ambegan landhung, nguja pangangen saparan-paran.Jam ing ndhuwur lemari nuduhake wektu setengah sepuluh. Wengi ngono kuwi dheweke lagi mlebu ngomah, sawuse sedina kemput ngadhepi sawernaning pegaweyan neng kantor. Mula pengine mung ngaso.Ora kepengin ana sing ngarusiku. Pegaweyan kantor cukup ngeselake kanggone. Kantor swasta kang ngurusi thethek bengek jaminan wong urip, perusahaan asuransi kang cukup gedhe. Pirang tahun Marni pepisahan papan karo anak bojone, supaya bisa cukup butuhe. Dheweke manut diseleh dening kantore ing wewengkon Jakarta, dene anak bojone mapan neng Solo.Ora mesthi seminggu pisan bisa kumpul saomah.Yen ora kepeksa merga golek cukup, supaya bisa ngentasake anake telu, abot satemene nglakoni.La piye, kulawarga kok urip dhewe-dhewe.Anak mbarep lagi wae diwisuda, sing loro isih kuliah lagi mancik semester 1 lansemester papat. Ragat mbiyayah, yen ora dilabuhi nganggo jiwa raga tangeh lamun bisa kasembadan ing panjangka.

"Kowe ora semelang pa, Mar?"Ita nate takon nalika sepisanan dipindhah neng Jakarta. "Kowe neng kene, bojomu adoh neng kana?"

"La semelang kepiye?" Marni miterang.

"Bojomu adoh neng kana, kowe neng kene.Nek bojomu slewengan piye?"

Marni ya nate mikir sing kaya ngono kuwi. Kulawarga sing ora kumpul, siji neng paran liyane neng seje kutha apa ora kebak risiko. Piye yen....piye yen....Nanging yen pikiran kagubel dening rasa semelang, kapan olehe tentrem lan bisa makarya. Kabeh rak gumantung marang tujuane. Ora mung bojone minangka wong lanang, sedheng dheweke wae minangka wong wadon uga ora sethithik godhane. Kerep wae ana sing sembranan guyon parikena, nek ditanduki bisa mutawatiri. Mula kabeh gumantung marang sikape dhewe-dhewe.Bareng bisa mikir ngono, Marni bisa nyambut gawe kanthi kepenak. Dipindhah neng kantor cabang ngendi wae, dheweke nglakoni kanthi lega sawuse rembugan karo kulawargane. Kaya nalika arep dipindhah ing Jakarta rong tahun kepungkur, anak bojone ngolehake. Sapto sing dadi guru SD negeri ing Solo, ora bisa dijagakake bisa nyukupi anak telu sing kemragat.

"Neng endi papan olehmu nyambut gawe yen kowe bisa njaga ajining dhirimu, mesthi ora bakal kepiye-kepiye, Bu. Senajan taksandhing ning nek kowe ora bisa njaga martabat kulawarga mesthine ya luwih ora becik."

Omah-omah entuk Sapto mula diwiwiti saka rekasa wong loro. Sapto isih guru honorer, dene Marni dhewe ora nyambut gawe, mung mligi ngopeni anak sing mbaka siji dilairake. Bubar nglairake anak kaping telu, bojone melu program MOP.Anak telu wus cukup kanggone, loro lanang siji wadon neng tengah. Urip ngglenter ora ana sandhungane paribasane, wong tuwa isih melu urun-urun wektu semana. Bareng anak saya gedhe lan butuhe ora mung kanggo mangan lan nyandhang, sambat-sebut ngaruhara saben ndina, pungkasane Marni njaluk idin melu golek pemetu supaya kendhile tetep kemebul. Wiwit sing cilik mlebu SMP, nedheng-nedhenge mbutuhake ragat sing ora sethithik, Marni bisa ngentasake balesomahe saka kacingkrangan, senajan kudu tansah pepisahan papan. Mlebu ing perusahaan asuransi kang kondhang lan mapan'*World's Insurance*'.Maune ya mung neng Solo wae, nanging banjur dipindhah menyang Magelang, Purworeja, nganti sing keri iki neng Jakarta. Wiwit Marni melu nyambut gawe, kanthi karier kang becik, balesomahe bisa makmur.Mugen lan temen, rejeki mbanyu mili merga pakaryane dianggep becik saengga kerep entuk bonus. Nyambut gawe ing papane ngono mula gumantung marang kasregepane, nganti dheweke nduweni posisi kang mapan.

*"Permisssii...."*Keprungu maneh swara saka njaba.*"Maaf, Bu Marni....tolong ibuk..."*

Hmmhh! Marni nyekeli sirahe sing senut-senut. Iki

mau dheweke mentas padu karo *klien*sing komplain, nganti dheweke dikon ngadhep atasane. Ana *klien* sing ora mudheng-mudheng diterangake etung-etungane dhuwit *klaim asuransi*. Marni marani lawang kanthi aras-arasen.Nalika ngengakake sedhela, wus ora ana sapa-sapa. Marni ayem, bisa bali turon maneh.

Mapan neng Jakarta, Marni trima manggon neng kamar kos sing ora sepiroa. Omah gedhe sing digawe pirang-pirang kamar, dinggoni bareng karo wong-wong sing padha bebara kaya dheweke. Papan kos tingkat telu kuwi kabeh isi, saben tingkat ana limang kamar. Ana bocah sekolah, buruh bangunan, pegawe kantor kaya dheweke, ana uga kulawarga cilik. Marni mapan ana tingkat ngisor aduarep karo Bu Hasna kang duwe anak cilik loro. Marni ora ngerti apa gaweyane wanita kuwi, merga yen kepethuk ya mung yen esuk sapa aruh yen arep budhal ngantor. Marni dhewe ora nate nangga lan sanja, luwih becik wektune kanggo ngaso yen pinuju neng ngomah. Sing dingerteni Marni Bu Hasna duwe anak loro, isih umur-umuran SD. Sing gedhe ya sing nothok lawang mentas iki mau. Bocah kuwi apal yen jam semono kuwi dheweke mesthi mulih kantor.Jarene mang Kosim, bakul tahu Sumedang sing mapan neng kamar paling pojok, Bu Hasna randha ditinggal edan sing lanang. Ngopeni anak loro nyambut gawe serabutan neng Jakarta kene.Seminggu kepungkur anake sing gedhe mara njaluk sega, isih esuk sadurunge Marni budhal kantor. Tujune Marni isih nyimpen nasi kotak sing durung kober dimaem, jatahe rapat neng kantor.

*"Makasih, Bu...."*Ujare bocah kuwi sing mung diesemi Marni.

Bubar kuwi saben esuk mesthi nembung njejaluk. Utawa yen bengi meruhi Marni teka saka kantor, banjur mara lan nembung nyilih apa ta apa. Marni dhewe ya ora owel samangsa duwe sing ditembungi.

"Kasihan atuh Bu Hasna..." Kandhane Mang Kosim karo gedheg-gedheg rong ndina kepungkur. *"Suaminya tega amat, tuh..."*

*"Emang kenapa, Bang?"*Marni takon waton, ora niat nyampuri balesomahe wong liya.

Nanging Mang Kosim wis crita ngalor ngidul, ngenani Bu Hasna sing ditinggal bojone nalika Bu Hasna ketaman lara ora mari-mari. Marni mung bisa manthuk-manthuk, bisane ya mung melu prihatin.Kelingan kulawargane sing ditinggal adoh neng kana, anak telu sing waras-wiris dadi sekolahe diopeni bojone sing gemati. Dheweke ora bisa mbayangake kaya ngapa bojone Bu Hasna kang tega degsiya marang kulawargane.Anak wadon loro sing isih mbutuhake wong tuwa iku kudu melu ngrekasa.Kelingan kuwi Marni banjur mbukaki Hpne, nonton albume anak bojone. Anak mbarep sing durung suwe mentas wisuda Sarjana Sastra ing UNS, jarene arep mbacutake njupuk magister. Banjur fotone anak nomer loro lan telu, sing menehi esem nalika lagi padha jajan neng mall bareng karo kanca-kancane. Ora keri fotone Sapto sing lagi ngrangkul dheweke, wektu kuwi bubar mantenan nggone kanca guru. Biasane meruhi foto-fotone anak bojone iku, njalari kangen kang ngebaki dhadhane krasa oleh tamba. Lagi padha ngapa jam semene iki, mesthine ya wis padha mapan turu, wong wis jam sepuluh bengi kurang sithik. Yen Sapto biasane sok nglembur nggarap gaweyan sekolahan sing nggedhabyah.

"Nglembur ben ora kakehan mikir kowe neng paran, Ni."Ngono kandhane bojone nalika dielingake aja kakehan nglembur.

Marni isih njingglengi layar HP-ne nalika lawang dithothok banter banget.Wanita iku njondhil, nganti HP-ne meh mrucut.Wong genah mau wis diwangsuli yen kesel, kok ya anake Bu Hasna ki ngeyel. Sesuk-sesuk ya ngapa ta?Album foto ing *aplikasi gallery gage* ditutup.Nggawa ati mangkel, Marni marani lawang kang mung pirang njangkah saka peturone.

*"Aku sudah bilang kalau lagi capek...pek...."*Karo ngengakake lawang Marni kandha setengah nggetak.Pranyata dudu anake Bu Hasna kang ngadeg ing njaba, nanging Mang Kosim.

"Loo, Mang. Ada apa malam-malam...."

*"Ayo deh Buk Mar ikut...."*Tangane wong lanang kuwi nyekel setengah nggeret Marni.

"Mang...."

Marni ora bisa suwala tangane digeret ngono kuwi. Sajake Mang Kosim ya lagi mulih saka anggone glidhig, ngiderake dagangane. Ambune kecing nampek irunge Marni, sing mung bisa ngetutake lakune kang diseret cepet.

Mang Kosim mandheg ing kamar kos-e Bu Hasna. Lawange bukakan, katon ing kono bocah loro padha ndheprok nunggoni Bu Hasna kang turu anteng ing peturone. Marni njegreg, ngadeg kaya reca, antarane bingung lankebak pitakonan.Apa bener Bu Hasna lagi turu?

"Mang...." Marni nyawang Mang Kosim, ora ngerti arep takon apa.

Mang Kosim nudingi nganggo mripate.*"Bu Hasna nggak ada,"* kandhane cetha senajan lirih.*"Baru saja,"* bacute.

Marni mripate mendelik.Kaget.Tangane loro ngepel kaku.*"Nggak ada gimana, Mang?"* pitakone adreng.Kelingan anake Bu Hasna mau bola-bali nothok lawang kamare, kandha nek njaluk tulung.

Mang Kosim manthuk.*"Aku baru pulang Buk Mar, lewat di depan sini, mereka padhanangis....kudekati dan...."*Mang Kosim ora perlu mbacutake kandhane, merga kabeh wus cetha.

*"Kamu tadi kok gak bilang...."*Marni marani anake Bu Hasna, nyengkerem pundhake.

Bocah kuwi mung banjur nangis, prembik-prembik. Mripate kandha yen mau wis bola-bali mara, nanging ora diladeni.Marni melu ndheprok, ngekep bocah loro kanthi mripat dleweran nyawang Bu Hasna kang wiwit dilurupi jarit dening Mang Kosim.Ana wong cintraka neng ngarep mripate, geneya aku ora weruh. Menungsa apaaku iki?Marni nangis jroning ati, rumangsa dosa gedhe.

oOo

Diembani dening Dinas Kebudayaan DIY tuwin Balai Bahasa DIY

Peranganing Badan

BAPAK SUPARTO Brata, pengarang dwi basa kaloka saking Surabaya, ngemdika bilih ingkang pokok pelajaran basa lan sastra Jawi menika kawiwitan saking maos rumiyin. Menawi sampun teteh maos, leres anggenipun ngucapaken tembung-tembung Jawi, dangu-dangu lare sami badhe gesang piyambak paramasastranipun.

Kangge latihan saged migunakaken basa Jawi, lare-lare saged dipunwucal saking ngoko saha krama utawa krama inggil. Eman dene sapunika, lare-lare sampun sami kangelan migunakan tembung-tembung krama ing pasrawungan (komunikasi) ing saben dintenipun. Kepara, sapunika, asring sanget pinanggih lare kaneman utawi ingkang sampun diwasa migunakaken tembung-tembung krama kangge mbasakaken awakipun piyambak. Kamangka, tembung-tembung krama punika dipunangge tujuwanipun kangge ngormati tiyang sanes ingkang dipunluhuraken/dipunkurmati/disepuhaken utawi kangge sesambetan kaliyan ingkang dereng nate pinanggih (asing).

Mila mboten nggumunaken menawi sapunika kapireng ukara makaten, "Tunggunen sedhela ya, Ar, aku *takdhahar dhisik*. Wis luwe je." Punika tembungipun kanca sabarakan ingkang sampun akrab, pikajengipun badhe sopan lajeng nglebetaken tembung krama *dhahar* (mangka kedahpun *maem* utawi *mangan*—amargi sampun kanca akrab). Mesthi kemawon lajeng katingal lucu tumrap ingkang mangertos unggah-ungguhing basa Jawi.

Estunipun taksih kathah prekawis lucu sesambetan kaliyan panganggenipun krama ing pasrawungan. Sedaya saged kelampahan makaten inggih kabekta dening mboten wontenipun kawigatosan ing tumemen. Basa Jawi minangka basa pasrawungan sampun mboten kirang kalenggahaken kanthi saestu, mboten namung wonten pasrawungan ing madyaning masarakat nanging ugi ing madyaning kluwarga Jawi. Kluwarga Jawi, ing jaman milenial, langkung-langkung ing kitha-kitha ageng langkung remen migunakaken basa Indonesia utawi manca salebetipun komunikasi ing ndalem.

Kangge mucalaken tembung krama dhumateng lare (punapa dhumateng ingkang saweg sinau basa Jawi) sakalangkung prayogi menawi lumantar peranganing badan manungsa langkung rumiyin. Kajawi saged dipuntingali, saged lajeng katingal contonipun. Saking buku *Memetri Basa Jawa* (1979), anggitanpun S, Padmosoekotjo kaca 40-42 saged kasinau kramanipun peranganing badan manungsa. Makaten jlentrrehipun:

Awak, badan, salira.

Sirah, mustaka (mastaka).

Embun-embunan, pasundhulan.

Rambut, rema.

Unyeng-unyeng, panengeran.

Githok, griwo.

Bathuk, palarapan.

Alis, imba.

Mripat, soca (tingal).

Tlapukan, pakejepan.

Idep, ibing.

Irung, grana.

Pipi, pangarasan.

Cangkem, lesan Kwn, tutuk.

Lambe, lathi.

Untu, waja.

Ilat, lidhah.

Gusi, wingkisan.

Tangan, asta.

Sikil, suku, sampeyan.

Kuku, kanaka.

Pupu, wentis.

Dhengkul, jengku.

Umbel, gadhing.

Riyak, jlagra.

Luh, waspa.

Kringet, riwe.

Idu, kecoh.

Gulu, jangga.

Janggut, kethekan.

Jenggot, kumbala (gumbala).

Brengos, rawis.

Kuping, talingan.

Pundhak, pamidhangan.

Dhadha, jaja (pranaja Kawi).

Susu, prembayun (payudara Kawi).

Penthil, mundri.

Geger, pengkeran.

Weteng, padharan.

Wudel, puser (nabi-- dialek).

Bangkekan, madya (mekak pamekak).

Bokong, bocong (pocong--dialek).

Driji, racikan.

Kempol, wentis (wengkelan--dialek).

Dlamakan, samparan--dialek.

Pawadonan, pawestren, badhong.

Planangan, pajaleran, kalam.

Konthol, palandhungan.

Ati, manah, panggalih.

Kula pitados, sapunika kathah tiyang (lare) Jawi ingkang sami mboten kemutan malih sauntawis kramanipun peranganing badan kados pethilan suwau. Menawi wonten ingkang taksih saged nyebataken tembung krama kanthi sampurna, punika adhakanipun pancen saestu nggladhi tuwin ngluhuraken dhumateng jejering basa Jawi.

Mboten wonten alanipun menawi kluwarga Jawi miwiti migunaken tembung krama peranganing badan kangge nyempuluraken lenggahing tembung krama ing pasrawungan.

Dhanu Priyo Prabowo
Peneliti Balai Bahasa DIY



Saparan Ki Ageng Wonolelo ***(Foto-fid)***

Catur Hapsoro Dewoto Tunggal

YOGYAKARTA minangka kutha budaya lan pariwisata. Sawijining papan wisata religi ana ing sisih lor kulon saka punjering kutha Yogyakarta. Wisata religi awujud papan petilasan uwong kang dianggep suci lan sekti, yaiku makam K.H.R. Bagus Khasantuka.

Tumuju makam K.H.R. Bagus Khasantuka para jiarah bakal ngliwati gapura kang tinulis 'Catur Hapsoro Dewoto Tunggal'. Sengkalan lamba kang sinerat ing gapura nuduhake wektu nalika garupa iku dipugar.

Taun 1994 sinengkalan 'Catur Hapsoro Dewoto Tunggal' minangka tandha yen para ziarah wis tekan Dusun Senuko. Dalan utama tumuju papan wisata religi K.H.R. Bagus Khasantuka. Makame ana ing ndhuwur pereng Sendhang Bagusan, kang dikupengi pager wesi lan ana ing sangisore wit Ringin kang umure luwih ska 250 taun.

K.H.R. Bagus Khasantuka yaiku Pangeran Putra Dalem Amangkurat III, sawijining raja Mataram Kartasura. Piyambake paringan asma timur Raden Bagus Kemuning, mula saperangan uwong uga nyebut Bagus Kemuning Khasantuka. Kahanan kraton kang nembe ora tumata ing jaman semana ndadekake Bagus Kemuning ora jenjem mapan ing kraton.

Ontran-ontran Kraton Mataram kang nglairake Perjanjen Giyanti 1755 lan misah Mataram dadi loro yaiku Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat lan Kasunanan Surakarta Hadiningrat nambah mongkoging manahe K.H.R. Bagus Khasantuka kanggo ngulandara lan urip luwih cedhak karong wong cilik.

Piyambake pancen pribadi kang seneng ngulandara lan seneng ngangsu kawruh karo maneka guru spiritual. Merga K.H.R. Bagus Khasantuka asring ngulandara, meguru, lan srawung karo wong cilik, dheweke milih urip ing njaban kraton lan disebutake nampik nalika arep didadekake raja. Dheweke kepengin dadi juru usada lan siar agama Islam supaya bisa murakabi tumrap masarakat.

K.H.R. Bagus Khasantuka asring wudu ing Sendang Bagusan lan syar agama ing dhusun kang sabanjure ditengeri 'Senuko' tumekan puputing yuswa. Ing taun 1994 gapura tumuju makam K.H.R. Bagus Khasantuka madeg lan sabanjure ing taun 1998 papan religi kanthi alamat Senuko, Sidoagung, Godean, Sleman iku binuka kanggo masarakat umum kanthi dikelola profesional dening masarakat Senuko. (**hay**)



(Foto-fid)

anca, **ancan**: trep karo mangsane (wektune), tamban; alon-alonan; diancan-ancani: dilegakake enggone arep cecawis.
antara: let; sela-sela (lowahan) ing barang loro utawa wektu.
awal: wiwitan, kang dhisik.
bakda: sawise (wektu, tumindak); rampung, bubar (tmr. pagawean); (bakdan) riyaya lebaran (sawise pasa, 1 Sawal), klebu uga riyaya 8 Sawal, 10 Besar, 12 Mulud; sasi Sawal; sabakdane: sawise.
besuk: benjing, **besuk-besuk** ing tembe buri; mratelakake wektu (mangsa, dina, sasi) kang bakal kelakon.
candhik-ala, candhik-kala: wayah sore nalikane layung wis katon.
dhangan: entheng, enthengan ing gawe; kepenak (waras, mari); 4 (yen **dhangan**) yen lega (kober); n**dhangan**ake: merlokake minakake wektu kanggo; **dhangan**an: enthengan, seneng tetulung.
inah: wangenaning wektu (kanggo ngrembug); semaya.
kala: wektu, mangsa; dhek (nalika); **kala-kala**: ora ajeg, ora mesthi.
kedalon: kematengen; dalu: kewengen.
kasep: lungse, kari saka wektune kang mesthi.
keslepek: wis ora ana enggone (wektune).
kesoren: kesontenen, kasep banget (nganti ketungka wayah sore).
kober: duwe wektu dianggo nenindakake.
kramakala: sore, wengi.
lek: yen, samangsa; banjur, nuli, enggal.
mangsa: wektu; wektu nedheng ..., ungsum; molah-malihing hawa lsp. ing taun, 4 saem. sasi miturut pranata mangsa (umure ora kaya sasi lumrah) dene arane.
mayak-mayak: ora sesek wektune, sarwa kecukupan.
naladi: naladake, ngomberi wektune; talad.
nangguh: nuju ing mangsa (wektu) kang prayoga; **nangguh**i: nanggung yen mesthi bakal kelakon.
ngelat: **ngelat**ake: ngasepake wektune; **elat**. wangen: (ut. wewangen, [x]-an) kn. wewatesing mangsa (wektu); di**elati**): diwatesi wektune (suwene).
nyemenekake: ngundurake wektune; sumene.
ondhan: sela ing pagawean, ora ngrekasa; wektu leren (ngaso).
pangrantunan: wektu ngaso lan mangan; papan kanggo nata pangan kang diladekake (nalika pista).
semaya: semados, njaluk mundur ing liya dina (wektu);
disemayani: disaguhi nanging ing liya dina (wektu); semayan n. semadosan k: kencan, prajanjian wektu.
seprana: seprika k. nganti ing wektu semana.
sompok: rupek, ora kobet; wis sesek banget wektune, kesusu.
sumene: semaya, isih tamban; disumenekake: diundur (disarehake) wektune.
talad: isih **talad** isih tamban, omber wektune, ora kesusu.
wawah: omber (tumrap papan, wektu).
wela: mangsa, wektu.

Lingga

ꦔNG aksara Jawa yen arep nulis tembung lingga, ora perlu ngrangkep aksara kang tinulis sabanjure. Pancen anggone ngucapake kaya-kaya wanda keloro kepati wanda wiwitan. Tegese kaya mangkene

'tapa' ꦠꦥ ora tinulis ꦠꦥ꦳

Tembung 'tapa' anggone ngucapake kaya-kaya muni [toppo]. Cara panyerate ora perlu ngrangkep [p], cukup [topo ing aksara Jawa. Conto liyane kaya mangkene:

ꦤꦤ꧀ ora tinulis ꦤꦤ꧀

ꦲꦤꦤ ꦣꦤꦤ tinulis ꦲꦤ꧀ꦤ

ꦤꦶꦤꦾ ora tinulis ꦤꦶꦤ꦳

ꦩꦶꦔꦏꦸ ora tinulis ꦩꦶꦔꦏꦸ

ꦤ꧀ꦗꦤꦤ ora tinulis ꦤ꧀ꦗꦤ꧀ꦤ꧀

ꦩꦶꦔꦲꦤꦤ ora tinulis ꦩꦶꦔꦲꦤ꧀ꦤ꧀



Saparan Ki Ageng Wonolelo **(Foto-fid)**


Sastra Mili

Serat Panji

CARITA Panji iku crita asli saka tanah Jawa, nanging tebane nganti njaban rangkah. Ora mung Indonesia bae, nanging nganti sumebar tekanb Thailand, Malaysia, Kamboja. Mula jamak lumrahe yen *Serat Panji* diaturake. Ancase, bisa kanggo pepeling tumrap generasi mileneal yen sastra Jawa (crita Panji) kuwi bisa *menginternasional*. Akeh tepa-palupi urip becik sing bisa didudut saka crita kasebut.

Asmaradana

1. Asmarabangun wewangi,
   krama angsal putri Daha,
   Sang Dyah Kirana aranè,
   tuhu bagus kasubingrat,
   ing Jawi tampa sama,
   surutnya Nata Miluhur,
   Sang Panji gumanti nata.
2. Ratu wiceksana lungit,
   titisé Wisnu Bethara,
   akerta-kerti jagadé,
   kridha asmaradilaga,
   myarengat pramudita,
   kang paramuka tumelung,
   Sang Panji nulya puputra.
3. Sajuga kakung apekik,
   nama Sang Panji Laléyan,
   Medhangkamolan prajané,
   Panji Laléyan puputra,
   kakung bagus warnanya,
   nama Sang Banjaransantun,
   nuli ingkang praja rusak.
4. Pinereg déning gegering,
   lara ésuk soré pejah,
   saya kucem negharane,
   Sang Nata Banjaransekar,
   merang seksana mengkrat,
   murca lawan kanthilipun,
   mengalon anjoging guwa.
5. Semana tan ana aji,
   rat Jawa tatanya resah,
   rebat unggul pengangkahe,
   gempur-ginempur perangan,
   Si-(k.2)nga rosa keringan,
   ing bang kulon kang winuwus,



tanah dhusun Sabdhorowang.


6. Ki Pinituwa kawarni,
   sugih nak putu keringan,
   rosa sebarang karyane,
   manahira langkung susah,
   dene tan darbe raja,
   gya tapa lan garwanipun,
   nulya na swara kapyarsa.
7. Ujaring swara dumeling,
   Ki Pinituwa mentara,
   kulon kene ana rajeng,
   lagi tapa aneng guwa,
   iku sira junjunga,
   ratu muteringrat besuk,
   kaget tangi lawan garwa.
8. Kendhang nuhoni paweling,
   lampahe simengkeng arga,
   kalunta-lunta lakune,
   malebeng giri gunthaka,
   gung linebetan,
   tan ana ingkang kadulu,
   emenging tyas Pinituwa.
9. Tan adangu aningali,
   teja pernah kidul wetan,
   ing Ardi Wurya sumorot,
   sakelangkung weritira,
   jalma mara pralaya,
   satu mara lempus,
   Ki Tuwa mara beg lena.
10. Gancang lampahira prapti,
    jro guwa lirpendah pura,
    wiwara tundha tigane,
    den apit-apit paseban,
    prapta wiwara tiga,
    Ki pinituwa andulu,
    cahya padhang jroning guwa.

Serat Panji merupakan salah satu naskah beraksara (berhuruf) Jawa koleksi Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta dengan nomor induk 472/R00196. Naskah itu termasuk di antara beberapa karya klasik (khas) versi Yogyakarta.

Didalam teks itu tidak ditemukan penulis atau penyalin

Serat panji dadi koleksi Balai Bahasa DIY, No indhuk 472/ R00196. Naskah kasebut khus versi yogyakarta

Ing naskah ora tinemu sapa sing nulis itawa sing nyalin. Tulisane apik, ajeg, gampang diwaca. Kahanane naskah isi becik, semu soklat . **(Dpp)**



(Foto-repro naskah)

PASUGATAN

Bareng-bareng 6 Grup 2 Malam Tembayatan Bareng Langenwenaran

SAMPUN kalimrah yen ing Ngayogyakarta menika wonten cacah nenem pakempalan beksan klasik, beksan cara kratonan ingkang sumebar ing madyaning masarakat. Inggih punika, Yayasan Siswa Among Beksa (nDalem Purwodiningratan), Yayasan Pamulangan Beksa Sasminta Maradawa (nDalem Pujokusuman), Perkumpulan Tari Kridha Beksa Wirama (nDalem Tejokusuman), Paguyuban Kesenian Suryo Kencono (nDalem Suryawijayan), Perkumpulan Kesenian Irama Tjitra, lan Pusat Olah Seni dan Bahasa Retno Aji Mataram. Dipun anggep sedaya wasis, mungguh, lan murwat ngasta gelar Langen Mandra Wanara (Patih Danurejo VII, 1912-1922) ingkang sampun awis pun aturaken wonten ing pacaking ladi langen budaya.

Ingkang baken Pagelaran Langen Mandra Wanara ingkang dipun wengku dening Dinas Kebudayaan DIY menika saget nutug kalih dalu, ngunggah 6 lakon dening 6 pakempalan ingkang mersudi tari klasik. Perkawis isining lakon, beksan, sanggit, tembang, lan iringanipun kasumanggakaken dhumateng kersa rekanipun pakempalan piyambak-piyambak. Ingkang baken, saget leladi dhumateng penanggap, waton langen mandra wanara. Tegesipun kados namung damel waradin sedaya pakempalan saget minggah panggung. Dene anggenipun kagungan sedya damel saya saenipun lelangen wenaran dhawah petang wingking. Jalaran, sareng ningali Langen Mandra Wanara dening 6 pakempalan, nem lakon, mendhet saking dudutan wasitane para pambeksa ingkang kedah wasis nggendhing lan prigel ing tembang, langkung sae menawi dipun jumputi ingkang murwat lan mungguh ing joget lan tembang, lajeng sesarengan semuan manunggal ing Langen Mandra Wanara Ngayogyakarta. Namung semantena, babagan sedya kagem paring tambah seserepan dhumateng para pambeksa ingkang sampun mboten wanuh malih dhumateng wenaran, estu inggih prayogi. Tegesipun wenaran badhe dipunudi amrih tetep sempulur.

Pados pambeksa ingkang cucut ing beksa lan tembang inggih mboten gampil. Menawi pinaggih sae ing olah beksa, nanging ngayahi beksa wenaran ingkang kedah lampah jengkeng sareng kaliyan ngungelaken tembang, inggih sanes perkawis gampil. Wonten ingkat baut ing tembang, nanging olah beksanipun kirang murwat. Mila kelampah, pambeksa ingkang sae nanging kirang ing tembang lanjeng tembangipun “punkirim” saking sindhen utawi wiraswara, kanca juru kandha, keprak, lan pradangga. Nalika semanten, wonten ing garap wenaran, saget nembang langsung miji saderengipun saget beksa. Sanajan beksanipun dereng sampurna, nanging anggenipun nembang murwat lan pana, sampun kabiji sae. Sanajan beksanipun ngleter sae nanging menawi anggenipun nembang blero beta gamelan piyambak, pun anggep wenaranipun dereng mungguh.

Namung kemawon, anggenipun Dinas Kebudayaan DIY kagungan kersa ngawontenaken Pagelaran Langen Mandra Wanara (23 - 24/10) ing Pendhapa Dalem Kaneman saestu pantes jinurung awit wenaran sampun kapetang awis-awis dipungelar. Lakon “Anggada Balik”, “Sinta Taman”, “Brubuh Alengka”, “Sang Darmapara”, “Triangga Takon Bapa”, “Anggana Duta” mboten namung leladi dhumateng kangening pamirsa lan pandhemen beksan klasik, nanging ugi kagem gegatra nambah raos suka mersudi wenaran dhumateng para pambeksa lan pangrawit mudha. Nyawijining joget lan tembang estu babagan wigatos, awit kawruh joget Mataram menika kedah tansah linambaran raos anggendhing. Beksa kang wuwuh rasa gendhing. **(pdm)**

Pagelaran Langen Mandra Wanara ingkang dipun wengku dening Dinas Kebudayaan DIY menika saget nutug kalih dalu, ngunggah 6 lakon dening 6 pakempalan ingkang mersudi tari klasik.(foto-fid)





Langka, Buku Naskah Kethoprak

Buku:
Kumpulan Naskah
Pemenang Sayembara
Penulisan Lakon Kethoprak
Taman Budaya Yogyakarta 2017

JINGGLENGI irah-irahan lan isi buku kasebut, swasaning ati krasa mongkog. Rasaning pikir, melu bombing. Bombong lan mongkog amarga lakon riptane pasarta kang sasap ing sayembara pranyata kasil kacithak dadi buku. Saorane, bisa gawe tambah sumber naskah wujud buku kumpulan naskah lakon kethoprak, kang nganti wektu iki isih dadi barang langka. Angel tinemu. Kang ana, wujud naskah pating prethil, pisah-pisah fotocopian. Aja maneh buku naskah lakon, juru ripta naskah utawa penyerat lakon kethoprak kang pinunjul, gunggunge ya mung kari sithik, tur akeh sing wis sepuh.

Mulane, buku iki bisa nambahi pustaka babagan naskah utawa lakon kethoprak. Buku "*Kumpulan Naskah Pemenang Sayembara Penulisan Lakon Kethoprak*" kang kawedalake dening Taman Budaya Yogyakarta taun 2017 iki, isine naskah cacah lima riptane para priyagung kang sasap. Yaiku, *WOS Tikus Mati Sajroning Lumbung* (RM Altiyanto Henryawan), *Pedhut Kaliwungu* (Ari Purnomo), *Surya Majapahit* (Sahono Purwanto), *Sang Senapati* (Eko Purwanto), *Klilip ing Bumi Mangir* (Yuhnan Yusuf Dalipuk).



(Foto-fid)

Upama sakehing karya kang disayembarakake iku kabeh bisa dicithak lan kababar dadi buku, wae bakal saya ngimbuhi cacahing buku-buku lakon kethoprak. Saorane, ing taun 2018 ana 15 (limalas) judhul lakon kethoprak, asil karyane wiranom, generasi mudha. Emane, kang bisa kapacak ing buku mung kang sasap. Lan ing tembe, sumrambahe bakal dadi jujugan para kadang seniman tradhisi kang sengkuting jagad pentas kethoprak. Sanajan, naskah lakon durung mesthi sakal dadi gampang anggone ngecakake gawe rumpakaning panggung. Kudu kabedhah lan kaolah dening Dhalang/Sutradara lan para paragane.

Babagan basa ing buku iki uga gawe ngganjel. Jalaran, racikan basa ing purwaka klebu seratan kurator emane nganggo Basa Indonesia, kamangka isen-isening kumpulan naskah kabeh migunakake basa Jawa. Bakal saya endah yen kabeh seratan racak nganggo basa Jawa, luwih katon bakal wutuh dadi karya Sastra Jawa, ngiras pantes kanggo sinau babagan ukara basa Jawa. Nanging uga perlu disukuri, amarga kang baku dudu basane wae, nanging uga bobot isi lan wulang kang kamot ini buku iki.

Malah nalika diadani adicara mirunggan 'Peluncuran Buku' rikala tanggal 29 Oktober 2018 ing Ruang Seminari Taman Budaya Yogyakarta, ana kang nyaruwe babagan samak buku sing ora bisa gawe gegambarane isi buku. Mesthi wae ana penemu liya, samak tanpa gambar iku malah duwe daya kekuatan kang sinandi. Ning semonoa, anane Buku Kumpulan Naskah Pemenang Sayembara Penulisan Lakon Kethoprak Taman Budaya Yogyakarta 2017 dadi bukti urune Taman Budaya Yogyakarta lan Dinas Kebudayaan DIY kanggo ngukuhake karya panyerat-panyerat lakon kethoprak. Sebab yen mung ana lesan lan tutur mesthi wae bakal winates sumebare, uga tilas bukti wedharane. Beda yen banjur kacithak ing buku. Bakal sumimpen salawase dadi bandha kang bejaji ing tembe, kepara bakal digoleki dening para pandhemen jagad lakon kethoprak. **(Bey Saptomo)**

Trilogi Antologi Sastra Jawa Dinas Kebudayaan DIY 2018



(Foto-fid)

"Akeh manungsa kang padha ngimpi utawa duweni pangajab bandhane turah-turah, drajad pangkat kang dhuwur sundhul langit. Nanging sawise pangajab kuwi klakon, sing perlu diati-ati kudu bisa adoh saka tumindak seneng umuk lan aja dumeh."

MANGKONO pratelane Dian Korprianing Nugraha, kang kapacak ing esai budaya Jawa, "Umuk Gawe Remuk" (2018:258), Antologi Esai Budaya Jawa: *Dhudhah Dhudhah Gugah Gugah* (2018: 256 kaca) kang nembe wae dibabar dening Dinas Kebudayaan DIY bareng karo babaring antologi carita cekak lan geguritan. Antologi Cerkak *Wulang Kumandhang*, (2018:303 kaca) . Antologi Geguritan, *Weling Sinangling* (2018:342 kaca). Angger wulang wujud wewaler "aja dumeh", pancen katetepake dadi underan tama pambabaring tulis esai, cerkak, lan geguritan taun iki. Mula, babaring lampah "aja dumeh" padha kawedhar dening para panyerat ing antologi cacah telu iki. Saben taun, wiwit 2016 Dinas Kebudayaan DIY yasa antologi sastra lan budaya Jawa.

Miturut pangandikane Drs. Drihardono, pangarsane lampah kridha anggone ngimpun cerkak, geguritan, lan esai Jawa saka para pengarang saindenging DIY, taun 2018 iki kanthi cara pangajak kang kabiwara lan sumebar ing medhia. Para pasarta padha kirim geguritan, cerkak, lan asai banjur kasaring dening tim edhitor. Taun 2016 lan 2017 anggone ngimpun nganggo cara ulem marang ngarsane para pengarang. Ana 66 pengarang kang ngirim gurit, nanging gurit kang bisa kapacak mung dumadi saka 56 pengarang. Dene cerkak, kang kersa ngirim cacah 49 pengarang, nanging kang lolos bisa kapacak 28 pengarang. Esai, kang ngirim cacah 30 pengarang lan kabeh bisa kapacak. "Taun iki cerkak diparingi ilustrasi saka illustrator kondhang ing DIY. Antologi taun iki katon resep sinawang, lan piguna yen kawaos amarga bobot isi wulang kang kamot," ngendikane Drihardono.


Para edhitor kang kapiji cacah sanga, yaiku Purwadmadi, Dhanu Priyo Prabowo, Joko Budiarto, Sutopo SGH, Sarworo Suprapto, Sugeng Wiyono, Sudindriyo, Budi Nugroho, lan Y Siyamto. Dene illustrator kang ngrenggani cerkak, yaitu Mulyantara, Banuarli Ambardi, Joko Joss Santosa, Iwan Suryo, lan Yuphita Nofihantiwi. "Kepara gambar samak uga kaasta para illustrator iku. Mula antologi taun iki bisa kasebut tembayatane para sastrawan lan senirupawan grafis," ngendikane Drihardono.

"Trilogi" buku antologi iku kabiwara wiwitan dening Kepala Dinas Kebudayaan DIY ing Temu Karya Sastra Jawa 2018 kang karawuhi utusan saka DIY, Jawa Timur, Jawa Tengah, lan DKI Jakarta. Para maos kang ngersakake antologi bisa nyuwun kanthi lelahanan ing Seksi Sastra Jawa, Dinas Kebudayaan DIY Jalan Cendana 11 Yogyakarta. **(pdm)**

BALE SIGALA-GALA

cergam Mulyantara





GUYUB RUKUN, NYAWIJI MANJING AJUR AJÈR.



kaligrafijawa dening Suhadi Iqra Hanacaraka

Kaligrafi aksara Jawa dening Ki Suhadi. Tembunge, “Guyub rukun, nyawiji manjing ajur ajer”, tegese wong urip iku kudu tansah guyub rukun marang kaluwarga, tangga teparo, sanak kadang, ing bebrayan agung tengahing masarakat. Uga banjur suka nyawiji, manjing ajur ajer utawa gelem melu nyengkuyung tumrap laku ombyaking warga kang bebarengan gawe pakaryan becik. Memangun bebrayan agung.

ISSN 2085-2673